



STUDENT & FAMILY HANDBOOK

20 Warren Street
Brighton, MA 02135
617-635-9860



Tabmatyè

Tabmatyè	2
Istwa ak Misyon BGA	4
Deklasyon sou Entèdiksyon Diskriminasyon	4
Admisyon	4
Kalandriye Eskolè Ane Lekòl 2025/2026	5
Lè Lekòl yo	5
Dat nou Kòmanse ak Lage, Lage Bonè ak Jou Pa Gen Lekòl	5
Orè pou Klòch Sone	6
Lis Anplwaye	7
Prezans	9
Absans	9
Reta	10
Ranvwa Antisipe	10
Etablisman	12
Dwa ak Responsabilite Elèv yo	14
Dwa Elèv yo	14
Responsabilite Elèv yo	16
Konduit Elèv	17
Règleman Sekirite	17
Valè BGA yo : 5 R's	17
Règ Lekòl la	17
Pwotokòl Antre Elèv yo : Verifye Valiz ak Detektè Metal	18
Règleman sou Telefòn Selilè/Aparèy Elektwonik	19
Dezonè Akademik/Plajya	20
Règleman sou Abiman	21
Disiplin	22
Nivo Ogmantasyon Disiplin	22
Entimidasyon	24
Entimidasyon Maltretans (Hazing)	24
Sipò pou Elèv	26
Ekip Sipò Elèv (Student Support Team - SST)	26
Edikasyon Espesyal	26
Biwo Sante Lekòl la	26
Rapòtè Obligatwa	27
Pwogram Deyò yo	27

Transpò	27
Transpò Bis Jòn yo ak Lese pase MBTA	27
Transpò Piblik	28
Pwosedi Transpò Ijans	28
Atletism	30
Pwogram Akademik yo	32
Politik sou Mwayèn	32
Echèl Nòt	32
Monte nan klas Siperyè ak Double Klas	33
Egzijans pou Gradyasyon nan Lekòl Segondè	34
Egzijans Detèminasyon Konpetans (CD) pou Gradyasyon	35
Kou yo Ofri yo	35
Opòtinite Akselerasyon Aprantisaj	35
Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (Career Technical Education (CTE))	37
Egzijans Admisyon	37
Pwogresyon Pwogram lan	37
Karakteristik Kle	37
Rezilta	38
Pwogram Vèt (Green Pwograming)	39
Liy Vèt BGA a : Yon Lekòl Piblik Vèt nan yon Vil	39
Triyang Dirabilite a	39
Kiltiè Vèt ak Pratik Chak Jou	39
Ekspozisyon Vèt (Green Exhibitions)	40
Aprantisaj ki Baze sou Eksperyans ak Espas	40
Konklizyon	40



Pou plis enfòmasyon detaye sou politik, sèvis ak pwosedi distri a anjeneral, nou ankouraje fanmi yo revize **Manyèl Distri Lekòl Piblik Boston** yo, ki rezime anpil lwa, politik, règleman ak pratik ki itil ki enpòtan pou elèv aktyèl yo ak paran yo, fanmi yo ak responsab yo.

Manyèl la disponib sou entènèt epi ou ka aksede ak li la a : [Manyèl Distri BPS](#).

Istwa ak Misyon BGA

Istwa

Boston Green Academy se yon kote espesyal, yon lekòl endepandan nan distri Horace Mann ki fyè pou l fè pati Lekòl Piblik Boston yo. Se yon gwoup edikatè angaje nan Boston ak manm kominote a ki te fonde l an 2011, BGA se sèl lekòl Boston ki konsantre sou dirabilite epi prepare pwochen jenerasyon divès dirijan an pou karyè inivèsite ak ekoloji.

Lekòl Piblik Boston yo te mande pou n redrese yon lekòl segondè ki an difikilte, BGA te reyisi 'rekòmanse' Odysey High School nan Sid Boston epi nan twazan li te vin lekòl segondè ki plis amelyore pami Lekòl Piblik Boston yo epi youn nan lekòl ki plis amelyore nan tout eta a. An 2024, BGA te deloje pou ale nan Bldg Taft istorik la nan Brighton epi nou te kòmanse agrandisman nou pou n ajoute klas entèmedyè, apati de klas 6yèm ane. An 2017, BGA atenn objektif nou te genyen ki se vin yon lekòl konplè ki gen klas 6yèm-12yèm ane k ap desèvi anviwon 500 elèv ki soti nan chak katye ak origin nan Boston. BGA kontinye rete youn nan lekòl ki plis amelyore e inove nan lekòl Piblik Boston yo.

Misyon

Boston Green Academy resevwa divès elèv ki gen tout nivè, edike yo epi ba yo mwayen pou yo reyisi nan inivèsite ak karyè pwofesyonèl, epi prepare yo pou yo dirije nan dirabilite kominote nou an ak lemond.

Deklasyon sou Entèdiksyon Diskriminasyon

Boston Green Academy, respekte politik entèdiksyon diskriminasyon Lekòl Piblik Boston yo, pa gen diskriminasyon nan pwogram li yo, etablisman yo, oswa anplwa oswa opòtinite edikatif yo sou baz ras koulè, laj, kazye jidisyè (sou demand sèlman) andikap, gwosès, sanabri, sèks, idantite sèks, relijyon, orijin nasyonal, zansèt, oryantasyon seksyèl, estati jenetik ak militè, epi li pa tolere okenn fòm revanj, oswa entimidasyon ki baze sou prejije, menas oswa fawouch ki rabese diyite moun oswa anpeche kapasite yo pou yo aprann oswa travay.

Admisyon

Enskripsyon nan Lekòl la

Elèv ki enterese enskri nan BGA yo dwe ranpli yon aplasyon admisyon ki disponib nan biwo prensipal la ak sou [sit entènèt](#) nou an. Elèv ki kalifye pou enskri yo dwe rete nan Vil Boston. Lè yo fin ranpli aplikasyon an, nou pral antre non elèv la nan lotri ki fèt chak mas la. Lotri a fè pou dezinye plas pou elèv nan 7yèm ane ak 9yèm ane (ane antre prensipal nou yo) epi pou nou konble tout klas ki gen plas ki vid konfèman ak Règleman Admisyon BGA (ki sou sit entènèt nou an tou).

Lis Datant

Nou pral mete elèv non yo pa soti nan lotri yo sou yon lis datant. Lè gen plas ki vid, nou pral pran non nan lis datant lan epi n ap kominike avèk fanmi yo pou ofri yo yon plas. Lis datant lan rete aktif jiska pwochen pwosesis Lotri Lekòl la an fevriye.

Kalandriye Eskolè Ane Lekòl 2025/2026

Lè Lekòl yo

Lendi/Madi/Jedi/Vandredi : 8:00am – 3:00pm
 Mèkredi: 8:00am – 12:00pm
Bilding lan ap ouvri pou elèv yo chak jou apati de 7:15 am pou dejene.

Dat nou Kòmanse ak Lage, Lage Bonè ak Jou Pa Gen Lekòl

4 septanm	Premye Jou Lekòl
Oktòb 13	Jou Pèp Endijèn (Indigenous People's Day) - Pa gen Lekòl
Novanm 11	Jou Ansyen Militè (Veteran's Day) - Pa gen Lekòl
Novanm 26	Lage bonè pou elèv yo ak anplwaye yo
27-28 Novanm	Konje Thanksgiving
22 desanm 2025 - 2 janvyè 2026	Vakans Nwèl - Elèv yo ap retounen 5 janvyè 2025
Janvyè 19	Jou Marthin Luther King Jr. - Pa gen Lekòl
Fevriye 3	Elèv yo Lage Bonè/Lè Devlopman Pwofesyonèl Edikasyonèl yo
Fevriye 16	Jou Prezidan (President's Day) - Pa gen Lekòl
17-20 fevriye	Konje Fevriye - Elèv yo ap retounen 23 fevriye
3 mas	Elèv yo Lage Bonè/Lè Devlopman Pwofesyonèl Edikasyonèl yo
Avril 3	Vandredi Sen - Pa gen Lekòl
Avril 20	Jou Patriyòt - Pa gen Lekòl
21 - 24 avril	Vakans Prenta - Elèv yo a retounen 27 avril
Me 25	Jou Memoryal (Memorial Day) - Pa gen Lekòl
Jen 5	Dènye jou pou Elèv ki nan Dènye Klas yo (170 jou)
Jen 18	Lekòl ap lage bonè pou elèv yo
Jen 19	Jounen Libète (Juneteenth) - Pa gen Lekòl
Jen 22	Dènye Jou Lekòl (180 jou (si pa t gen jou lekòl ki te pèdi akòz yo te anile jou a). Lekòl ap lage bonè pou elèv yo.

[Lien pou Kalandriye Akademik 2025-2026 Lekòl Piblik Boston yo](#)

Orè pou Klòch Sone

Orè an Kaskad (Etap pa Etap)

Pou ane lekòl 2025-2026 la, lekòl nou an ap prezante yon nouvo orè klòch ki fèt pou bay elèv yo plis opòtinite nan lekòl la pou yo aprann, jwenn sipò ak anrichisman. Orè sa itilize yon modèl kaskad, sa vle di kou yo ap chanje chak jou selon yon modèl regilye olye yo toujou reyini nan menm lè a chak jou. Objektif la se pou asire ke elèv yo eksperimente chak matyè diferan fason nan jounen an, ede ekilibre enèji ak konsantre nan tout kou yo.

Monday		Tuesday		Wednesday		Thursday		Friday	
7:15-8:00	Breakfast (Optional)	7:15-8:00	Breakfast (Optional)	7:15-8:00	Breakfast (Optional)	7:15-8:00	Breakfast (Optional)	7:15-8:00	Breakfast (Optional)
8:00-8:56	A	8:00-8:56	G	8:00-8:57	F	8:00-8:56	C	8:00-8:56	B
9:00-9:56	B	9:00-9:56	A	9:01-9:56	G	9:00-9:56	D	9:00-9:56	C
10:00-10:26	ADVISORY	10:00-10:26	ADVISORY	10:02-10:59	A	10:00-10:26	ADVISORY	10:00-10:26	ADVISORY
10:30-11:26	C	10:30-11:26	B	11:03-12:00	B	10:30-11:26	E	10:30-11:26	D
12:30-12:58	D 1st Lunch (HS): 11:30-11:54 *2nd Lunch (HS): 12:02-12:26 3rd Lunch (MS): 12:34-12:58	12:30-12:58	C 1st Lunch (HS): 11:30-11:54 *2nd Lunch (HS): 12:02-12:26 3rd Lunch (MS): 12:34-12:58	12:00	DISMISSAL	12:30-12:58	F 1st Lunch (HS): 11:30-11:54 *2nd Lunch (HS): 12:02-12:26 3rd Lunch (MS): 12:34-12:58	12:30-12:58	E 1st Lunch (HS): 11:30-11:54 *2nd Lunch (HS): 12:02-12:26 3rd Lunch (MS): 12:34-12:58
1:02-1:58	E	1:02-1:58	D	12:00-12:30	Lunch (Optional)	1:02-1:58	G	1:02-1:58	F
2:02-3:00	F	2:02-3:00	E	12:30-3:00	Staff Meetings	2:02-3:00	A	2:02-3:00	G

Lis Anplwaye

Administrasyon			
Non	Pozisyon	Imèl	Lokal
Matt Holzer	Chèf Lekòl	mholzer@bostongreenacademy.org	32100
Yeji Son	Asistan Responsab Lekòl, klas 7yèm ak 8yèm ane	yson@bostongreenacademy.org	32092
Ryne Deckard	Asistan Responsab Lekòl, klas 9yèm ak 12yèm ane	rdeckard@bostongreenacademy.org	32096
Amal Mohamed	Direktè Ansèyman ak Aprantisaj	amohamed@bostongreenacademy.org	Pa Aplikab
Amanda Reveles	Direktè Operasyon yo	areveles@bostongreenacademy.org	32106
Dave Kramer	Direktè Pwogram Anviwònman	dkramer@bostongreenacademy.org	32108
Alex Jacobson	Karyè Ekolojik ak Angajman Sivik	ajacobson@bostongreenacademy.org	32108
Nathalie De La Rosa	Responsab prensipal	ndelarosa@bostongreenacademy.org	32107
Marta Bausemer	Enfimyè Lekòl	mbausemer@bostongreenacademy.org	32091
Edikasyon Espesyal			
Alissa Long	Direktè Edikasyon Espesyal	along@bostongreenacademy.org	32114
Keith Guyette	Kowòdonatè Edikasyon Espesyal	kguyette@bostongreenacademy.org	32093
Kristin Femino	Grefye Edikasyon Espesyal	kfemino@bostongreenacademy.org	32104
SST: Kilti Lekòl la			
Reginald Loving	Dwayen Elèv yo	rloving@bostongreenacademy.org	32102
Taron Seaforth	Asistan Dwayen Elèv yo	tseaforth@bostongreenacademy.org	
Angelina Favaloro	Direktè Espò / CFC	afavaloro@bostongreenacademy.org	
Patrick Coren	Middle School CFCs	pcoren@bostongreenacademy.org	32105
Samantha Benoit		sbenoit@bostongreenacademy.org	
Jonathan Torres		jtorres@bostongreenacademy.org	
SST: Devlopman Elèv			
Ashley Harton-Powell	Lyezon Fanmi yo	ahartonpowell@bostongreenacademy.org	32116
Vanessa Brea	Konseye nan Lekòl Entèmedyè	vbrea@bostongreenacademy.org	32094
Marilyn San Inocencio	Gr. Konseye Eskolè 9yèm ak 10yèm ane	msaninocencio@bostongreenacademy.org	32110
Bryant Craft	Gr. Konseye Eskolè 11yèm ak 12yèm ane	bcraft@bostongreenacademy.org	32117

Jermaine Patterson

Koòdonatè Re-Angajman

jpatterson@bostongreenacademy.org

32101

Prezans

Boston Green Academy pran prezans elèv yo trè serye. Prezan nan lekòl la chak jou se baz pou akonplisman ak reyisit akademik elèv yo. Si elèv yo pa prezan lekòl la, y ap rate ansèyman an epi yo riske gen pèfòmans akademik ki pi fèb. Lè absans lan tounen yon koutim oswa vin yon pwoblèm pèsistan, elèv yo ka tounen dèyè epi gen difikilte akademik epi gen difikilte ki ale pi lwen ke salklas la. BGA konnen ke detanzantan ap gen elèv ki absan nan lekòl la. Sepandan, nou mande fanmi yo ak elèv yo pou yo fè anpil efò pou yo vini lekòl chak jou.

Absans

Absans ki Motive

Nou mande Paran/Responsab/Moun k ap pran swen elèv pou yo voye yon imèl nan lekòl la nan attendance@bostongreenacademy.org oswa voye yon lèt (nan Biwo Prensipal) avèk elèv la pou rapòte absans lan. Yo dwe voye yon nòt absans (sou papye oswa pa imèl) avan absans lan, men yo pa ka voye lè pandan elèv la ap retounen. Imèl sa oswa lèt sa a dwe gen ladan l non elèv la, dat absans lan lan (yo) ak rezon ki fè l ap absan.

Yon paran ka pase motive absans elèv la pou yon maladi pèsònèl, men absans repete oswa pèsistan pandan twa jou oswa plis y ap bezwen yon nòt nan men founisè swen sante a. Pou yon deskripsyon an detay sou absans motive ak sa ki pa motive, tanpri ale nan paj 14 "Gid pou Fanmi ak Elèv Lekòl Piblik Boston yo" ki sou sit entènèt BPS la.

Motive yon absans pa tou yon motif pou elèv la pa fè devwa pou kou li rate yo. Absans motive yo ka :

Absans ki motive yo ka tankou:

- Yon maladi oswa yon blesi ki anpeche elèv la prezan lekòl la. Yon founisè swen sante, enfimye lekòl la oswa paran dwe verifye maladi oswa blesi a
- Lanmò nan fanmi an (paran, frè/sè, gran paran, tant, tonton, kouzen; tanpri bay yon kopi pwogram finerey la) oswa lòt gwo kriz pèsònèl oswa familyal
- Konparisyon devan tribinal
- Tès medikal oswa sikolojik pandan jou lekòl la. Paran an dwe bay pwè (tankou yon nòt ki soti nan sante sante) ki di ke tès yo pa t ka fèt aprè lekòl
- Konje relijye
- Vizit lekòl edikasyon espesyal pou elèv ki gen andikap yo
- Lòt sityasyon grav ke lekòl la apwouve.

Absans Nou Pa Aksepte

Gen kèk paran ki panse y ap motive tout absans depi paran an voye yon nòt. Se pa vre. Men kèk egzanp **ABSANS NOU P AP AKSEPTE**—menm si paran voye yon nòt :

- Absans repete ak pèsistan akòz maladi oswa blesi. Nan ka sa yo, pou nou aksepte absans lan, paran an dwe soumèt yon lèt ki soti nan men yon founisè swen sante ki verifye ke elèv la te twò malad oswa twò blese pou l ale lekòl

- Elèv la te vle veye timoun.
- Rate klas (tankou prezante nan batiman oswa kite l bonè)
- Vakans familyal pandan moman lekòl la pa gen vakans
- Vwayaj nan peyi natif ki depase vakans lekòl la
- Pwolonje konje relijye oswa kiltirèl odela jou oswa plizyè jou yo deziyen nan kalandriye lekòl la.
- Rele lekòl nan telefòn oswa voye yon tèks mesaj pou enfòmè absans yon elèv
- Elèv la absan akòz yon frè/sè oswa paran an gen yon randevou

Nenpòt lè sa posib, paran yo ta dwe verifye avèk Direktè Asistan an Yeji Son (lekòl entèmedyè, klas 7yèm ak 8yèm ane) oswa Ryne Deckard (Lekòl seogndè, klas 9yèm-12yèm ane) avan yo fè yon elèv la rate yon jou lekòl si yo pa konnen si n ap aksepte absans lan. Pwofesè yo pa gen otorite pou yo aksepte absans yon elèv nan lekòl la.

Elèv yo responsab pou yo fè devwa yo pa t fè lè yo te absan an. Sepandan, lekòl la pa gen obligasyon pou l ede elèv yo fè egzamen oswa devwa elèv yo te rate akòz absans ke yo pa t aksepte.

Nou pral refere elèv ki gen kat absans pou rezon nou pa t aksepte bay ekip sipò elèv la, ki pral travay avèk fanmi an pou devlope yon plan prezans oswa yon kontra pou ede elèv la amelyore prezans.

Reta

Si elèv la anreta nan klas la :

- Rantre dousman, chita nan plas ki dezinye pou ou a epi tan pwofesè a pale avèk ou.
- Tanpri gade règleman ak pwosedi endividyèl pwofesè a pou w jere fòm move konduit sa a.
- Pou tout ofans ki pa sispann y ap refere elèv la bay Ekip Sipò Elèv la pou plis entèvensyon ki gen ladan l, men ki pa sèlman gen ladan, refleksyon aprè lekòl, sèvis kominotè ak reyinyon paran/responsab la.
- Si yon elèv an reta 5 fwa oswa plis sa ka lakoz li pa kalifye pou l patisipe nan espò/aktivite aprè lekòl yo ak vwayaj ki pwogram; jan Administrasyon an detside.
- Si yon elèv an reta 5 fwa, se kòm si li te absan yon fwa nan kou sa a. 5 absans san rezon valab nan yon peryòd pral lakoz li pèdi anpil nan nòt patisipasyon an.

Si Elèv la an reta nan lekòl la :

Nenpòt elèv ki rive nan lekòl la aprè 8:00 am n ap make l kòm an reta. Yo dwe pase nan biwo reta a pou yo jwenn yon lesepase k ap pèmèt yo antre nan klas yo a.

Si y ap plede anreta toutan nan lekòl la (3 fwa oswa plis nan yon semèn/10 fwa oswa plis nan yon peryòd) se SST a k ap jere sa dirèkteman. Pral gen reyinyon fanmi k ap fèt pou eseye abòde koz reta a epi chita pale sou yon woutin pou elèv la kòmanse rive nan lekòl la atan. Pèt privilèj ak refleksyon elèv se kèk potansyèl konsekans.

Relache Avan Lè

Pitit ou a dwe nan lekòl la padan tout dire jounen lekòl la. Ranvwa bonè ta dwe fèt sèlman nan ka ta gen yon ijans. Fanmi yo dwe ranpli Fòmilè Google la pou fè biwo a konnen y ap deplase avèk elèv yo a. N ap mande pou w fè tout sa ou kapab

pou w ranpli fòmilè sa a omwen dezèdtan avan ou vini, pou anplwaye nou yo ka prepare yo. Si w ap deplase avèk plizyè elèv an menm tan, tanpri ranpli fòmilè a yon fwa pou chak elèv.

Lyen: bostongreenacademy.org/dimissal oswa nan kòd QR code anba a:



Etablisman

Vizitè :

Tanpri konnen ke vizitè yo pa gen pèmasyon pou yo antre nan bilding lekòl la. Si ou rive devan bilding lan pou w pran oswa depoze yon elèv, tanpri rele biwo santral oswa sone sonèt ki nan pòt devan an pou aranjman. Tanpri sonje ke idantifikasyon w obligatwa pou yo ba ou yon elèv.

Gen pakin ki disponib nan do pakin nou an pou vizitè yo ak fanmi yo. Tanpri asire w ke w enskri machin ou an pou w jwenn yon pèmasyon vizitè nan biwo prensipal. Tanpri verifye pou w wè si w pa bloke okenn machin, epi kite yon nimewo kontak nan fèy vizitè a sizanka ou bezwen deplase machin ou an. Nou pa vle moun gare machin devan lekòl la sof si se pou ijans oswa bagay k ap pran mwens ke 20 minit.

Pase nan Koulwa :

- Nou p ap bay okenn elèv pase pandan premye 10 minit yo ak dènye 10 minit klas la.
- Elèv ki deyò klas la dwe jwenn yon lesepase pou koulwa a oswa yon lesepase poutèt yo anreta sou yo toutan.
- Pa respektè sistèm lesepase a ka lakoz ou pa jwenn lesepase epi pèdi privilèj.
- Elèv yo dwe swiv tout siy ki afiche yo toutan lè y ap pase nan koulwa yo.

Kazyè :

Tout elèv yo genyen kazyè ki dezinye pou yo avan lekòl kòmanse. Elèv yo responsab pou yo bay pwòp kazyè yo epi yo dwe enskri kazyè yo a nan biwo Direktè Fonksyonman an. Elèv yo gen aksè ak kazyè yo a yon sèl fwa avan lekòl kòmanse, pandan tranzisyon ak aprè lekòl. Nou p ap aksepte okenn reta akòz kazyè. Elèv yo pa dwe kite klas la pou yo ale nan kazyè yo.

Elèv yo pa dwe ekri anndan ak deyò kazyè yo. Yo dwe kenbe yo san mak epi pwòp. Elèv yo pa dwe kite lajan oswa bagay ki koute chè nan kazyè yo a. Yo dwe rapòte bay Direktè Fonksyonman an nenpòt kazyè ki andomaje. Piga w bay lòt elèv kòd kazyè w la. Pa mete otokolan (stickers) sou kazyè yo, paske yo difisil pou soti. Kazyè yo se propriyete distri lekòl la epi SST a ka ankete sou yo nenpòt kilè. Elèv yo responsab pou materyèl yo jwenn nan kazyè ki dezinye pou yo ak kondisyon kazyè yo a. Si yon elèv pa respektè sa ki ekri anlè yo sa ka lakoz li pa gen privilèj pou l gen kazyè.

Deyò Salklas la/Kafeterya :

Yon granmoun dwe akonpanye elèv yo toutan lè y ap itilize etablisman sa a pandan lè lekòl yo. Anplwaye kontwòl manje yo pral enfòmè elèv ki swete itilize espas la pandan manje si/lè li disponib pou yo itilize. Se yon privilèj epi nou ka anile l pou vyolasyon règ yo, tankou salte.

Egzèsis Evakyasyon Dife ak Mòd Sekirite :

Lè gen yon son alam dife, elèv yo, sou lòd pwofesè yo, pral swiv siy ki afiche nan salklas yo ki touprè espas sòti ki nan lekòl la. Amwens ke yo ta di yo fè lòt bagay, elèv yo pral evakye sou twotwa a, kite yon espas lib devan an pou depatman ponpye. Tout klas ap rete ansanm pandan pwosesis sa a epi n ap fè apèl. Pou n asire sekirite elèv yo ak pwofesè yo n ap mande pou tout moun respektè demand anplwaye yo pandan alam sa a (yo).

Gen yon anons k ap fèt sou sistèm PA a si nesesè pou mete lekòl la sou "Mòd Sekirite." Pandan tan sa a, tout elèv pral rete nan salklas la, sòti yo ap sekirize, epi elèv yo pral rete trankil. Se sèlman lè gen yon anons ki bay sou sistèm PA lekòl la pral sòti sou Mòd Sekirite a. Nou pral kontakte kay elèv yo pi vit ke posib sou School Messenger pou n eksplike rezon ak dire Mòd Sekirite a.

Avan Lè Lekòl yo :

Pòt devan Boston Green Academy ouvri pou elèv yo antre depi 7:15 am. Okenn elèv pa dwe nan bilding lan avan lè sa a.

Après Lè Lekòl yo :

Kanpis Boston Green Academy pral fèmen pou elèv yo lè lekòl lage a 3:00 Patisipasyon elèv yo nan nenpòt pwogram oswa aktivite après lekòl dwe toujou jwenn akonpanyeman granmoun k ap sipèvize aktivite sa a.

Espas ki Pa Otorize :

Elèv yo pa kapab franchi espas ki pa otorize. Elèv nou jwenn nan nenpòt espas nan bilding lan ki pa dezinye pou yo, konsidere kòm yon zòn ki pa otorize. Tanpri konnen ke gen kèk espas ki pa otorize pandan yon sèten tan nan jounen an. Pa egzanp, si w sou yon eskalye pandan ke ou sipoze ap manje, yo pral konsidere ou nan yon espas ki pa otorize.

Bibliyotèk, Òdinatè, Entènèt :

Nou ankouraje elèv yo vizite Bibliyotèk la souvan epi pran avantaj plizyè pwogram enteresan ki gen ladan. Pandan lè klas yo, yon pwofesè oswa anplwaye dwe akonpanye elèv yo pou ale nan bibliyotèk la, oswa voye yo avèk yon nòt ki gen dat, lè ak siyati anplwaye a. Avan lekòl kòmanse, pandan manje, oswa après lekòl, elèv yo pa ka nan Bibliyotèk la sof si Bibliyotekè a prezan. Avan ak après lekòl, tout elèv ka vin fè devwa yo nan Bibliyotèk la ak patisipe nan aktivite. Bibliyotèk la se yon anviwònman travay ki trankil. Konvèsasyon yo dwe gen rapò ak travay, yo dwe konstiktif, e respektab toutan. Bibliyotekè a ak lòt anplwaye pral asire ke tout elèv konpòte yo yon fason ki apwopriye nan Bibliyotèk la epi yo ka mande elèv yo pou kite si nesesè. Anpil nan materyèl bibliyotèk yo pa kapab deplase kite plas yo. Liv ak materyèl yo ke yo ka kite soti yo dwe retounenrapid epi nan bon kondisyon. Elèv yo responsab pou nenpòt domaj oswa materyèl ki manke.

Dwa ak Responsabilite Elèv yo

DWA AK RESPONSABLITE KI LYE AK KÒD KONDWIT BPS LA

Ankouraje edikasyon de kalite ak lekòl ki sekirize epi ki bay sipò pa sèlman depann de responsabilite ak dwa elèv yo men tou de kalite entèraksyon ant elèv/paran/responsab/moun k ap pran swen elèv yo, pwofesè, administratè ak anplwaye BPS.

Dwa Elèv yo

Li pa posib pou nou site tout dwa elèv yo youn pa youn, men sa ki ekri anba yo se dwa fondamantal ki pou asire ke elèv yo gen aksè ak yon kominote lekòl ki sekirize, akeyan epi ki jis. Lefètke lis sa a pa anglobe tout dwa ki akòde ak elèv yo, sepandan li pa kapab itilize pou refize yon dwa ke yon elèv genyen sèlman paske li pa mansyone isit la.

1. Daprè Lwa leta ak federal, pa gen okenn elèv ki dwe eskli oswa sibi diskriminasyon sou baz reyèl oswa pretandan ras, koulè, etnisite, orijin nasyonal, relijyon, sèks oryantasyon seksyèl, idantite sèks, andikap, domaj, laj, kondisyon sosyo ekonomik, estati militè aktif oswa jenetik.
2. Elèv yo gen dwa pou yo itilize twalèt yo, sal kote kazye yo ye ak lòt espas ki apwopriye ak idantite sèks yo oswa itilize espas ki net ki pou fi ak gason si yon elèv prefere.
3. Elèv yo genyen dwa pou yo apwoche yo pa non ak pwonon yo chwazi.
4. Elèv yo genyen dwa ak opòtinite edikatif ekitab ki pa genyen entimidasyon, asèlman, diskriminasyon, prejije, ak kondwi prejije.
5. Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan kèk aktivite lekòl (pa egzanp vwayaj, rekreyasyon ak matyè yo chwazi). Si gen yon vwayaj oswa yon aktivite lekòl la ki se yon eksperyans aprantisaj obligatwa, epi vin genyen devwa ki dwe fèt pou elèv yo jwenn nòt, yo pa dwe anpeche elèv yo jwenn opòtinite pou yo patisipe. Lekòl Piblik Boston yo kwè anpil nan sipòte ak amelyore sante ak devlopman sosyal ak emosyonèl elèv nou yo. Konsa, li entèdi pou nenpòt anplwaye BPS anpeche yon elèv patisipe nan yon aktivite fizik (tankou rekreyasyon) oswa sipò akademik ki pa nan pwogram yo kòm yon konsekans disiplin oswa pou nenpòt lòt rezon ki pa maladi oswa sekirite jan dirijan lekòl la apwouve l.
6. Elèv yo gen dwa pou yo pa fouye oswa sezi zafè san rezon amwens ke ta gen yon souspasyon ki bay yo rezon pou fè sa. Fouye ak sezi zafè yo dwe respekte règleman ak pwosedi ki anplas nan Sikilè Sirentandan an [Fouye Elèv la, #SAF-1](#) ak [Règleman pou Kazye, #SAF-3](#).
7. Elèv yo gen dwa pou gen kèk limit nan fason Biwo Sekite Lekòl nan Lekòl Piblik Boston yo ap kreye rapò sou yo ak Rapò Polis Boston konsènan konduit yon elèv, jan l dekrit nan [Règleman Konsènan Prepare ak Pataje Rapò Ensidan ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv](#).
8. Elèv yo gen dwa pou yo konsilte pwofesè yo, konseye yo, administratè yo ak lòt anplwaye lekòl la sou demand avèk rezon valab.
9. Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan eleksyon lib e jis pa mwayen vòt sekrè elèv parèy yo nan gouvènman elèv epi yo gen dwa pou yo okipe fonksyon an si yo eli.
10. Elèv yo genyen dwa pou fè tande vwa yo nan dosye ki afekte yo.

11. Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan devlope règ ak règleman k ap aplike sou yo epi yo gen dwa pou yo fè yo konnen règ ak règleman sa yo.
12. Paran/gadyen legal/swanyan ak/oswa elèv yo genyen divès dwa selon lwa eta a ak federal la sou dosye elèv yo, ki genyen ladan dwa pou konsilte tout dosye elèv yo ak pou kontwole kilès andeyò lekòl la ki kapab wè yo. (Gade Sikilè Sirentandan an, [#LGL-07](#)).
13. Elèv ki andikape yo kapab genyen lòt dwa ak pwoteksyon anplis selon lwa federal ak eta a sou edikasyon espesyal jan pou sa ki konsène aplikasyon Kòd Kondwit la.

Elèv yo nan lekòl la kapab egzèsè dwa yo nan libète ekspresyon, reyiniyon, laprès, ak asosiyasyon, ke yo alafwa akòde yo epi ki limite pa lwa eta a ak lwa federal la. Selon nòm legal aktyèl yo, elèv yo pa gen dwa itilize vye ekspresyon ki ka ensite lòt moun fè bagay ki kont lalwa oswa ki kapab lakoz gwo dezòd oswa dranjman nan fonksyònman lekòl la. Lè pa genyen yon gwo pètibasyon nan anviwònman lekòl la epi selon lwa ki aplikab la, elèv yo genyen dwa pou :

1. Mete bouton politik, brasa, ak lòt badj ekspresyon senbolik yo.
2. Distribye materyèl ki enprime epi fè sikile pètisyon sou pwopriyete lekòl la, ki genyen ladan anndan batiman yo, san otorizasyon preyalab administratè lekòl la, eksepte:
 - a. materyèl ki distribye ak pètisyon ki sikile sou pwopriyete lekòl la dwe afiche non ak adrès moun nan oswa òganizasyon k ap esponsòrizè l la (ki genyen ladan non ak adrès omwen yon manm nan gwoup la) k ap distribye oswa k ap fè sikile materyèl la oswa pètisyon an; epi
 - b. moun k ap fè distribisyon oswa k ap sikile materyèl oswa pètisyon an dwe (yon) elèv nan lekòl ki enplike a; epi
 - c. tan distribisyon oswa sikilasyon sa a dwe limite ak peryòd anvan lekòl la kòmanse a, aprè lekòl lage, ak pandan tan dejne pou evite entèferans ak pwogram lekòl la; epi
 - d. lye distribisyon oswa sikilasyon sa a nan chak lekòl dwe entèdi yon fason ki rezonab yon fason pou pèmèt sikilasyon nòmal nan lekòl la ak nan pòt deyò lekòl la; epi
 - e. fason distribisyon oswa sikilasyon sa a fèt dwe limite yon fason rezonab yon fason pou evite twòp bwi ak pètibasyon; epi
 - f. elèv yo dwe soumèt yo ak egzijans ki rezonab pou retire dechè ki fèt pandan distribisyon oswa sikilasyon sa a.
3. Itilize pwòp tablo enfòmasyon yo san entèdiksyon, depi:
 - a. tout materyèl, avi, ak lòt komunikasyon ke elèv la afiche dwe genyen non ak adrès imèl moun ki mete afich la. Si afich la lye ak yon tyès pati, li dwe genyen ladan non ak adrès imèl elèv la ak adrès imèl omwen yon manm nan òganizasyon tyès pati a; epi
 - b. tout materyèl, avi, ak lòt komunikasyon yo dwe genyen dat anvan yo afiche yo epi yo dwe retire yo aprè yon tan ki rezonab pou asire tout aksè nan tablo afichaj la(yo).
4. Itilizasyon ki rezonab de sistèm sonorizasyon ak lòt enstalasyon medya lekòl la, sof ke anons yo dwe limite ak anvan lekòl, aprè lekòl lage, ak lòt moman ki pa genyen klas.
5. Kreye òganizasyon politik ak sosyal ak fè aktivite ki gen rapò ak òganizasyon yo kreye a, depi gwoup sa a ouvri pou nenpòt elèv epi yo dwe respekte politik ak pwosedi BPS.

6. Prezante petisyon, plent, oswa doleyans bay otorite sosyal ki apwopriye yo konsènan pwoblèm disiplinè ak lòt pwoblèm ki asosye ak lekòl la, eksepte kote Kòd sa a bay dwa fòmèl pou fè apèl.
7. Vi prive pèsònèl, gen ladan l dwa pou yo chwazi aparans yo epi chwazi estil cheve ak rad yo, sipoze respektè règ ki rezonab lekòl la etabli.

Responsabilite Elèv yo

Responsablite yo pa ranplase règ ki enkli nan Kòd Kondwit la. Sepandan, elèv yo genyen responsablite pou:

- Respektè dwa lòt yo.
- Respektè divèsite manm pèsònèl ak elèv yo.
- Kontribye nan yon anviwònman edikatif ki favorab.
- Itilize kapasite yo ak enterè yo pou amelyore edikasyon yo epi mande chanjman pozitif.
- Elèv yo dwe asime responsablite pou aksyon yo, pran bonjan dezisyon, fè tout sa yo kapab pou respektè Kòd Konduit la pandan y ap patisipe yon fason pozitif ak angaje nan konstwi kominote lekòl la.

Konduit Elèv

Angajman pou Sekrite, Kominote, Respè ak Diyite

Nou gen estanda ki wo pou konduit ak karaktè elèv nou yo epi nou atann yo viv jan kominote lekòl nou an mande. Pou sipòte kilti sa a, elèv nou yo pral pratike jistis restorasyon, oto-disiplin ak rezoud konfli ant kamarad yo pou yo kapab kenbe diyite yo pandan y ap fè fas ak chwa ki difisil ak konsekans yo. Boston Green Academy adopte langaj komen ak valè debaz pou kenbe atant yo epi ankouraje rezilta pozitif pou elèv nou yo.

BGA adopte Kòd Konduit BPS la

Règleman Sekirite

- Eseye l
- Pa gen pwoblèm pou Dezakò
- Pa gen Wont, Blam, oswa Atak
- Asime 100% responsabilite
- Kenbe Kominote nou an

Valè BGA yo : 5 R's

5 R's la reprezante valè debaz BGA - senk mo sa yo pral nan kè ak lespri chak elèv ak granmoun BGA.

Respè Trete tèt ou ak lòt moun - zafè pèsònèl ou ak pwopriyete/zafè pèsònèl yo ak kominote w - jan ou t ap renmen yo trete w.

Responsablite Fè sa yo mande l w fè; prete bonjan atansyon ak travay/aktivite k ap ede w, fanmi w ak kominote w.

**Restren
(kontwòl sa
w ap di)** Reflechir avan ou pale ak avan ou aji; pa prese pale; reponn olye ou aji.

Resipwosite Bay lòt moun, kominote w la ak tèt ou; se pou w rekonesan ak di mèsi pou sa yo ba ou epi ofri kado a, aksyon, oswa jès la an retou; fè pou yon lòt moun sa yo te fè pou ou.

Redanmsyon Ofri oswa mande padon, bay yon dezyèm chans, oswa yon nouvo depa, pou tèt ou, lòt moun ak kominote a; redanmsyon se pa sèlman bay, li se yon bagay ou jwenn oswa merite.

Règ Lekòl la

Lokal ak Tranzisyon

- Elèv MS ak elèv HS dwe rete nan bò pa yo nan bilding lan, amwens ke ta gen sikonstans espesyal : pa egzanp kafeterya a, aktivite aprantisaj espesyal ak/oswa sèvis konsèy.
- Elèv ki resevwa sèvis bis jòn yo, dwe ale toudwat nan bilding lan lè yo rive lekòl la.
- Elèv yo dwe soti yon kote ale yon lòt kote nan bilding lan an sekirite epi dousman.

- Elèv yo pa dwe itilize asansè yo amwens ke enfimyè lekòl la ta ba yo yon lesepase pou rezon medikal oswa sante.
- Elèv yo dwe rive nan klas avan klòch sone, prè avèk materyèl yo epi nan plas yo.
- Elèv yo dwe jwenn pèmisyon ak yon lesepase nenpòt lè y ap kite yon salklas, epi retounen nan klas la nan 5 minit.

Twalèt

- Elèv yo gen pèmisyon pou yo ale nan twalèt 10 premye ak dènye minit klas la.
- Dwe gen yon sèl moun nan chak kabin twalèt.

Manje

- Elèv yo pa dwe manje oswa bwè nan klas la, sof dlo. *Si yon elèv grangou, yo dwe voye yo nan biwo konseye lekòl la oswa biwo travayè sosyal la avèk yon lesepase pou l pran yon ti goute k ap bon pou sante li.*
- Elèv yo pa dwe fè kòmand manje pou machann deyò vin livre.

Teknoloji

- Elèv yo pa dwe itilize òdinatè chromebook yo pou travay akademik pandan moman klas la.
- Elèv yo pa dwe pataje modpas yo avèk okenn moun.
- Elèv yo swe itilize langaj apwopriye nan mesaj imèl, piblikasyon sou entènèt ak lòt komunikasyon dijital yo.

***Si yon elèv pa rive respekte règ sa yo sa ka lakoz yo pran mezi disiplin kont li lekòl la. *Plizyè vyolasyon règ yo ka lakoz yon vyolasyon Kòd Konduit BPS la.**

***Tanpri revize [Kòd Konduit BPS la](#) pou jwenn lis tout enfraksyon ak konsekans yo.**

Pwotokòl Antre Elèv yo : Verifye Valiz ak Detektè Metal

Pou kenbe yon anviwònman aprantisaj san danje ak an sekirite pou tout elèv, anplwaye ak vizitè, lekòl nou an etabli plizy pwosedi sekirite ki aplike pou chak moun k ap antre nan bilding lan. Mezi sa yo anplas pou anpeche objè ki entèdi—tankou zam, sigarèt elektwonik, ak lòt materyèl danjre oswa deranjan—antre nan lekòl la.

Pwosedi Antre Chak Jou

- Tout elèv ki nan klas 6yèm-12yèm ane dwe pase nan yon detektè metal epi verifye valiz yo lè yo rive chak maten.
- Elèv yo dwe swiv enstriksyon anplwaye lekòl yo pandan pwosesis sa a epi prezante valiz yo pou enspeksyon san reta.
- Pwosedi sa yo fèt pou yo efikas epi fèt nan respè pou lè elèv la pandan n ap bay priyorite ak sekirite lekòl la.

Pwosedi Re-Antre

- Nenpòt elèv ki sòti epi re-antre nan bilding lekòl la pandan jounen lekòl la—menm si se pou randevou, oswa kou ki p ap fèt nan lekòl la, oswa lòt rezon—dwe pase tès detektè metal la ak pwosesis verifye valiz la ankò lè y ap antre.
- Elèv yo dwe planifye pou sa pou asire ke yo retounen alè nan klas la aprè yo fin swiv pwosedi re-antre yo.

Objè ki Entèdi

Sa yo se objè ki strikteman entèdi sou tèritwa lekòl la, epi yon elèv ki gen objè sa yo ka sibi disiplin :

- Zam oswa objè ki ka sèvi kòm zam (tankou kanif)
- Aparèy sigarèt elektwonik ak aseswa
- Tabak, alkòl, oswa sibstans ilegal
- Fe datifris oswa aparèy ensandi
- Nenpòt objè yo ka estime ki danjre oswa deranjan pou anviwònman edikatif la

Sa a se pa yon lis konplè, epi lekòl la gen dwa konfiske nenpòt objè ki vyole règleman lekòl la oswa poze yon danje pou sekirite.

Vi Prive ak Respè

Nou rekonèt enpòtans vi prive ak diyite. Se anplwaye ki pran fòmasyon ki fè tout pwosedi tès yo avèk pwofesyonalis ak respè. Yo dwe rapòte nenpòt enkyetid konsènan pwosesis tès yo nan administrasyon lekòl la.

Règleman sou Telefòn Selilè/Aparèy Elektwonik

Yondr Pouch (Ti sak Espesyal pou Mete Telefòn)

Pou ankouraje yon anviwònman aprantisaj san distraksyon, BGA mande aparèy elektwonik pèsònèl tout elèv tankou telefòn selilè yo, mont entelijan ak kas telefòn rete nan Yondr Pouch yo pandan dire jounen lekòl la, ni pandan dejene ak manje midi. Pouch la se pwopriyete lekòl la epi yo konsidere se prete yo lwe elèv la liv pandan ane lekòl la. Elèv yo responsab pou Yondr Pouch yo toutan ak pou pote pouch la lekòl la ak retounen lakay yo avèk li chak jou epi kenbe yo nan bon kondisyon. Si elèv la bliye Yondr Pouch la lakay li, li dwe bay ekip sipò elèv la telefòn lan pandan dire jounen an. Si yon elèv andomaje oswa pèdi Yondr Pouch yo a, se 15 dola pou ranplase yon pouch, oswa w ap bezwen bay SST a telefòn ou chak jou. Si ou bezwen yon nouvo pouch, tanpri pote 15 dola a bay direktè asistan an madam Son 9klas 7yèm ak 8yèm ane ak mesye Deckeard (9yèm-12yèm ane).

Pandan elèv yo ap antre lekòl la, elèv yo ap fèmen telefòn yo, mete telefòn yo nan Yondr Pouch la (Ti sak Espesyal pou Mete Telefòn), epi fèmen li devan anplwaye ki la pou sa pandan elèv yo ap pase verifikasyon nòmal valiz yo. Pouch yo ap ouvri nan fen jounen lekòl la pandan elèv yo ap soti nan bilding lan.

Nou konprann ke ap gen ijans k ap prezante. Paran yo ka kontakte biwo prensipal la nan (617) 635-9860 pou yo pale avèk pitit yo si yon bezwen touswit ki prezante. Epitou, tout elèv yo kapab resevwa imèl ki soti andeyò distri lekòl la epi gen aksè ak òdinatè Chromebooks yo pandan jounen an. Paran yo ka voye imèl bay elèv yo dirèkteman, anplis de rele lekòl la lè gen ijans. Elèv yo ka kominike youn avèk lòt sou Chromebook yo a tou.

Pou tout lòt kesyon tanpri ale sou [BGA Yondr - Dokiman Kesyon yo Souvan Poze \(FAQ document\)](#).

Kosekans Vyolasyon Règleman Telefòn Selilè a

- Premye Ofans : SST ap konfiske telefòn elèv yo pou tout jounen an epi y ap rele lakay elèv la.
- Dezyèm Ofans : SST ap konfiske telefòn elèv yo pou tout jounen an epi y ap rele lakay elèv la. Elèv yo ap oblije remèt telefòn yo pou 2 semèn pandan y ap verifiye valiz yo.
- Twazyèm Ofans : Y ap aplike tout sa yo epi elèv yo ap vini lekòl samdi kòm konsekans epi y ap oblije bay telefòn yo pandan yon peryòd endetèmine jan SST deside.

REMAK - si yon elèv ap plede vyole règleman sa a elèv ka sibi plis disiplin, ki apwopriye ak kòd konduit BPS.

Kas Telefòn/Kas San Fil

Kas sanfil (Pa egzanp AirPods) ak kas telefòn ki kouvri zòrèy (pa egzanp Beats) pa otorize pou itilize nan nenpòt ki lè pandan jounen lekòl la. Kas san fil yo dwe nan Yondr Pouch elèv yo, epi kas telefòn ki pi gwo yo dwe rete nan valiz yo. Elèv yo ka itilize kastelefon ak fil sèlman lè li konekte nan Chromebook yo pou objektif akademik. Pa gen okenn moman elèv yo ka mete kas telefòn nan kou yo oswa kouvri zòrèy yo, menm si y ap itilize yo oswa yo konekte ak yon aparèy.

Chromebook

Lekòl Segondè

Chak elèv Lekòl Segondè pral resevwa yon Chromebook sou prè pou ane lekòl la pou sipòte aprantisaj akademik yo. Elèv yo responsab pou pote aparèy la lekòl la chak jou, kenbe l an bon kondisyon, epi remèt li nan fen ane a. Nenpòt domaj, pèt oswa vòl akòz neglijan oswa move itilizasyon ka fè yo peye pou li. Elèv yo dwe itilize Chromebook la jan Kòd Konduit Elèv BPS ak Règleman sou Itilizasyon Akseptab mande, epi nenpò move itilizasyon entènèt la oswa aparèy la ka lakiz mezi disiplin kont elèv la. Nan akseptab Chromebook la, elèv yo ak fanmi yo dakò ak tèm ak responsabilite sa yo.

Lekòl Presegondè

Boston Green Academy bay elèv lekòl entèmedyè (middle school) yo aksè ak Chromebook nan salklas yo pou sipòte aprantisaj yo. Yo pa bay elèv yo Chromebooks endividyèl, men yo responsab pou nenpòt aparèy pandan l nan men yo. Sa vle di elèv yo dwe jere Chromebook la avèk swen, evite domaj nan malkenbe yo, epi remèt yo nòmal nan fen klas la. Pandan y ap itilize yon Chromebook, nou vle elèv yo respekte Kòd Konduit Elèv Lekòl Piblik Boston yo ak Règleman Itilizasyon ki Akseptab, ki mande pou yo itilize entènèt la byen epi sèlman pou travay akademik. Si yo mal itilize Chromebook la oswa entènèt la, tankou aksede ak kontni ki pa apwopriye, jwèt, oswa koze domaj ka lakoz mezi disiplinè ak/oswa responsabilite finasye. Si yo bezwen yon Chromebook pou objektif akademik aprè lekòl, fanmi yo dwe kontakte Direktè Fonksyonman an pou mande pou yo ale lakay yo avèk aparèy la. Tout règ ak atant ki dekri anlè yo aplike po lè elèv yo ap itilize Chromebook yo lakay yo tou.

Tout Lòt Aparèy Elektwonik

Tout lòt aparèy elektwonik, tankou tablèt (pa egzanp, iPads) pa otorize pandan jounen lekòl la, paske yo ka pètibe konsantrasyon ak pwogrè akademik elèv yo. Si yon elèv ki gen yon andikap bezwen èd teknoloji pou l aksede ak edikasyon l, tanpri kontakte Koòdonatè Edikasyon Espesyal la pou diskite sou aranjman ki apwopriye.

Dezonè Akademik/Plajya

Nan zafè devwa ekri nan Boston Green Academy, yo konnen e ap fè rechèch epi itilize lide lòt moun pou sipòte lide pa w. Ou gen pèmasyon pou w itilize enfòmasyon ki soti nan lòt sous—epi nou ankouraje sa—toutotan ou bay sous yo jan sa dwe fèt. Sous nou akseptab se Bwochi, rapò, sit entènèt, liv, atik, konferans, films ak lòt medya.

Genyen de bon fason pou w ajoute travay yon moun nan ekri w :

- Sitasyon dirèk, ke ou dwe mete nan mitan de gimè epi site l nan travay ou yo epi site paj referans lan.

- Refè fraz la, oswa site enfòmasyon an nan pwòp mo pa w, ki mande yon sistasyon anndan tèks la tou ak yon antre ki koresponn ak paj travay ki site a.

Ou kapab itilize zouti AI (Entelijans Atifisyèl) yo tou pou w kreye lide, korije gramè, oswa sipòte rechèch, men ou pa ka itilize yo pou ekri respons tout repons, redaksyon oswa pwojè nan elèv la. Soumèt travay Entelijans Atifisyèl fè kòm pwòp travay ou konsidere kòm dezonè akademik.

Plajya ak Triche

Plajya se itilize travay, lide, oswa mo yon lòt moun san bay moun lan kredi a. Sa gen ladan:

- Kopye sou yon lòt elèv
- Kopye oswa refè fraz yon sous (tankou AI) san sitasyon
- Soumèt kontni AI kreye kòm travay orijinal

Konsekans Plajya oswa Triche gen ladan l :

- Yon nòt zewo pou devwa a
- SST ka pran mezi disiplin kont elèv la
- Nan ka kote vyolasyon yo fèt plizyè fwa oswa yo grav, gen yon konferans ki ka fèt ant fanmi yo ak Administrasyon BGA

Entegrite akademik esansyèl pou yon edikasyon kòrèk. Nou espere tou elèv fè travay yo avèk onètete ak responsabilite, epi nou ankouraje fanmi yo ede atant sa yo lakay yo.

Règleman sou Abiman

Nan Boston Green Academy, nou pran angajman pou n asire ke kòd abiman nou an sipòte ekite, aksè ak edikasyon, epi respekte tout manm kominote lekòl nou an. Gid yo fèt pou evite ranfòse estereyotip epi nou pral aplike gid yo menm jan pou tout moun san patipri. Pa gen okenn elèv k ap rete sou kote oswa sibi diskriminasyon sou baz ras, sèk, idantite sèks, oswa ekspresyon, oryantasyon seksyèl, etnisite, relijyon, pratik kiltirèl, revni fanmi l, oswa tip/gwosè kò l.

Nou kwè :

- Elèv yo dwe santi yo alèz nan chwa rad yo epi kapab patisipe nan tout bagay nan lekòl la san yo pa pè disiplin ki pa nesesè oswa wont pou kò yo.
- Elèv ak anplwaye yo gen responsabilite pou jere distraksyon pèsònèl yo, olye yo mete limit sou fason chak moun chwazi ekspriye tèt yo.

Kòd Abiman nou an la pou :

- Asire sekirite nan kou yo oswa aktivite kote rad espesyal nesesè, tankou laboratwa syans (ekipman pwoteksyon), dans (rad ki apwopriye), oswa edikasyon fizik (rad ak tenis espòtif).
- Bay elèv yo libète pou yo mete rad yo vle depi yo alèz ladan epi yo pa deranje moun.
- Respekte ak dakò avèk sèk elèv yo chwazi nan chwa rad yo.
- Bay yo pèmasyon pou yo mete abiman relijye san yo pa pè pinasyon oswa prejije.

- Evite rad oswa akseswa ki gen langaj, imaj oswa kontni ofansif, tankou pawòl pwofan, pawòl rayisab, oswa materyèl ki pale de sèks.
- Entèdi rad oswa akseswa ki ankouraje oswa fè referans ak dwòg, alkòl, zam oswa konpòtman ilegal.

Boston Green Academy ap fè efò pou kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif, enklizif. Byenke nou valorize endividyalite, nou mete kondisyon sa yo anplas pou asire sekirite ak respè pou tout moun :

- Elèv yo ka mete soulye oswa sandal toutotan yo pa kreye yon risk pou sekirite. Li obligatwa pou elèv yo mete bagay pye ki apwopriye pandan edikasyon fizik yo, laboratwa syans, aktivite espòtif yo, ak nenpòt lòt anviwònman kote sekirite enpòtan.
- Elèv yo dwe mete rad ki senp epi ki konfòtab, pandan y ap kenbe yon nivo pwofesyonalis ki apwopriye pou yon anviwònman eskolè.
- Rad yo dwe kouvri pati prive yo nèt , tankou pati jenital yo, bouda, tete ak pwent tete yo, avèk rad ki pa transparan. Chemiz yo dwe kouvri tout pati anlè kò a, pati vant ak do, epi yo dwe gen bretèl oswa manch.
- Elèv yo dwe mete pantalon yo, jip, chòt, rad yo nan senti yo oswa nan ranch yo, sa souvètman yo pa parèt.
- Rad, tatou, desen, oswa akseswa yo pa dwe afiche oswa ankouraje vyolans, rayisab, oswa estereyotip, vye pawòl oswa fè referans ak gang, dwòg, alkòl, tabak oswa kontni seksyèl.
- Elèv yo ka mete bagay nan tèt yo depi yo ka idantifye elèv la fasil.

Abòde Pwoblèm Kòd Abiman an

Si yon elèv pa respekte kòd abiman an :

1. Yo ka mande l pou chanje rad la pou mete yon lòt, si l genyen ki disponib lekòl la.
2. Lekòl la ka bay elèv la rad pou l mete pandan rès jounen an.
3. Si se nesesè, nou ka kontakte paran/responsab la pou pote yon lòt rad.

Disiplin

Filozofi Disiplin

Nan Boston Green Academy, nou kwè ke disiplin pa gen rapò ak pinisyon men ak aprantisaj, responsabilite ak kominote. Chak elèv ka fè erè, e nou wè moman sa yo kòm opòtinite pou pwogrè. Objektif nou se pou ede elèv yo reflechi sou chwa yo, repare mal yo lè yo rive, epi devlope konpetans ki nesesè pou yo se moun ki responsab e respektab nan kominote lekòl nou an. Nou pran angajman pou pratik restorasyon, ki konsantre sou repare relasyon, devlope konfyans, epi asire ke tout opinyon enpòtan. Nou konprann tou ke chak sityasyon espesyal, epi n ap fè efò pou n ekilibre jistis, sekirite ak sipò pou tout elèv yo. Fanmi yo se kolaboratè esansyèl nan pwosesis sa a, epi kominikasyon avèk kay elèv yo se yon priyorite nenpòt lè disiplin lan nesesè.

Disiplin Restorasyon

Disiplin nan BGA swiv yon modèl pwogresif, ki vle di repons konpòtman yo vin pi sevè si konpòtman yo kontinye oswa vin pi grav. Apwòch sa a asire ke tout elèv jwenn chans pou yo reflechi ak amelyore, pandan n ap kenbe lekòl la an sekirite e bay sipò pou tout moun.

Nivo Ogmantasyon Disiplin

Nivo:	Egzanp Konpòtman	Respons Posib
Nivo 1 : Entèvansyon nan Salklas la	Refize/pa swiv kondisyon salklas yo, ti dezòd, langaj ki pa apwopriye, ti vyolasyon regèleman salklas yo, reta, elatriye.	Oryantasyon oral, chanjman plas, konferans ant pwofesè ak elèv la, fèy refleksyon, konvèzasyon restorasyon, kontak paran/responsab la
Nivo 2: Entèvansyon nan Lekòl la	Konpòtman Nivo 1 repete, itilizasyon telefòn selilè, sote kou, langaj ki pa apwopriye, fè dezòd san rete elatriye.	Y ap refere elèv la bay Dwayen/Administratè a, gwoup restorasyon, pèt privilèj, refleksyon (sa vle di detansyon), reyinyon avèk fanmi l, Refleksyon Aprè Lekòl Mèkredi** elatriye.
Nivo 3 : Ensidan Grav	Entimidasyon, fawouch, kraze zafè moun, menas, jwenn objè ki entèdi nan men elèv la (pa egzanp, sigarèt elektwonik), elatriye.	Sispansyon nan lekòl la oswa deyò lekòl la, entèvansyon sekirite, reyinyon pou elèv la re-antrè lekòl la avèk elèv la ak fanmi l, akò restorasyon, vini Lekòl jou Samdi**, elatriye.
Nivo 4: Ensidan Grav oswa ki Refèt ankò	Ensidan ki pa sispann, zam, dwòg, atak, Konpòtman Nivo 3 ki pa sispan, elatriye.	Sispansyon pandan lontan oswa mete elèv la deyò (dapre politik BPS/Leta), odyans nan distri a, plan sekirite, reyinyon kolaborasyon avèk fanmi elèv la.

Remak : N ap deside sou konsekans yo ka pa ka, pandan n ap konsidere nati ensidan an, istwa elèv la ak sekirite kominote lekòl la. Nan chak nivo, n ap kontakte fanmi yo, epi elèv yo pral jwenn sipò nan aprantisaj apati de eksperyans la.

**** Refleksyon Mèkredi Aprè Lekòl (Wednesday Afterschool Reflection)**

Nan kad angajman pou sipòte pwogrè elèv yo, Boston Green Academy ap òganize Refleksyon Mèkredi Aprè Lekòl chak semèn soti 12:00-1:00 p.m. Sa ap sèvi kòm yon posib entèvansyon Nivo 2 pou elèv ki bezwen plis sipò pou konprann ak amelyore chwa yo. Pandan tan sa a, elèv yo pral angaje nan refleksyon ki byen òganize pou reflechi byen sou aksyon oswa desizyon ki lakoz konsekans sa a, epi devlope estateji pou fè plis chwa pozitif alavni.

****Lekòl Jou Samdi (Saturday School)**

Boston Green Academy ofri Lekòl Samdi kòm yon konsekans chak de semèn soti 8:00 a.m. rive 12:00 p.m. Lekòl Jou Samdi a sèvi kòm yon lòt mwayen olye yo mete elèv yo deyò nan klas, li pèmèt elèv yo rete nan klas la epi kontinye aprantisaj yo pandan semèn lekòl la. Olye yo retire elèv nan ansèyman an, elèv yo bay yon pati nan fen semèn yo a (weekend) kòm yon konsekans pou vyolasyon Kòd Konduit la. Pandan Lekòl Jou Samdi a, elèv yo gen tan pou yo reflechi

sou enpak aksyon yo—sou tèt yo ak sou kominote lekòl la—epi li bay yo plis tan pou yo fè devwa oswa resevwa sipò akademik.

Yo pral fè paran yo konnen si Elèv yo a dwe vini Lekòl Samdi a nan jedi avan jou Samdi a.

Entimidasyon

Entimidasyon se yon pwoblèm grav epi li ka lakoz ni Boston Green Academy ni BPS pran mezi disiplin kont yon elèv. Entimidasyon se konpòtman agresif ki entansyonèl, epi ki gen yon dezekilib pouvwa oswa fòs. Nòmalman, pafwa li fèt plizyè fwa. Yon timoun ki sibi entimidasyon gen difikilte pou l defann tèt li. Entimidasyon ka pran plizyè fòm, tankou frape oswa pouse (entimidasyon fizik); anmède oswa bay vye non (entimidasyon oral); ak entimidasyon kote yo itilize jès oswa eskizyon sosyal (entimidasyon ki pa fèt aloral oswa entimidasyon emosyonèl).

Sibèntimidasyon se lè timoun oswa jenn moun trèzan rive diznevan itilize entènèt, telefòn mobil oswa lòt teknoloji dijital pou entimide youn lòt. Sa ka gen ladan l :

- Voye mesaj tèks, imèl oswa mesaj ensiltan sou entènèt;
- Pibliye foto ki pa apwopriye oswa denigran oswa mesaj sou lòt moun sou blòg, rezo sosyal oswa sou sit entènèt;
- Itilize non itilizatè yon lòt moun pou simaye rimè oswa bay manti sou lòt moun.

Nou pran akizasyon entimidasyon trè serye epi Ekip Sipò Elèv la ap ouvri yon ankèt. Lyen sit entènèt BPS la ki [la a](#), gen anpil enfòmasyon itil pou elèv, fanmi ak anplwaye konsènan pwogram ak entèvansyon kont entimidasyon.

Rapòte Entimidasyon - nou ankouraje elèv yo ak paran yo rapòte pwoblèm entimidasyon dirèkteman bay yon anplwaye oswa itilize [fòmilè rapò](#) Lekòl Piblik Boston yo.

Entimidasyon Maltretans (Hazing)

Nou pa tolere okenn entimidasyon maltretans pou yon elèv antre nan yon òganizasyon elèv, klèb, oswa ekip espòtif. Elèv ki itilize entimidasyon maltretans pou lòt elèv ap sibi sanksyon selon Kòd Konduit BPS la. Nou ajoute Lwa sou

Entimidasyon Maltretans MA anba a pou tout elèv :

Lwa Jeneral massachusetts -- Chapit 269

C. 269, S.17. Krim Maltretans Definasyon : Sanksyon

Nenpòt moun ki se òganizatè prensipal oswa patisipan nan krim entimidasyon maltretans, jan li defini la a, dwe pini avèk yon amann ki pa depase twa mil dola oswa anprizònman nan yon mezon koreksyonèl pandan yon dire ki pa depase ennan oswa toude amann ak anprizònman.

Tèm "hazing" entimidasyon maltretans ke yo itilize nan seksyon sa a ak nan seksyon dizuit ak diznèf la, vle di nenpòt konduit oswa metòd pou antre nan yon òganizasyon elèv, menm si se sou yon propriyete piblik oswa prive, ki fèt avèk volonte oswa san reflechi ki mete sante fizik oswa mantal yon elèv oswa nenpòt lòt moun an danje. Konduit sa a gen ladan l kale, bat, make avèk dife, fòse elèv yo fè gwo egzèsis fizik, mete yo nan solèy, fòse yo konsome nenpòt manje, likè, bwason oswa dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt trètman brutal oswa fòse yo fè aktivite fizik ki gen chans fè enpak

negatif sou sante fizik oswa sekirite elèv sa a oswa nenpòt lòt moun, oswa ki lakoz elèv sa a oswa lòt moun lan tonbe nan yon strès mantal ki grav, tankou fè anpil tan san yo pa ka dòmi oswa pran repo, oswa izòlman.

Malgre nenpòt lòt dipozisyon ki ta di yon lòt bagay nan seksyon sa a, konsantman pa dwe sèvi kòm yon defans pou okenn pouswit jidisyè pou aksyon sa a. St.1985, c.536; te ajoute ladan l epi St.1987, c.665 te modifye l.

C. 269, S.18. Obligasyon pou Rapòte Entimidasyon Maltretans

Nenpòt moun ki konnen yon lòt moun se viktim entimidasyon maltretans jan li defini nan seksyon dizèt la epi li te temwen aksyon an, nan mezi ke l kapab san li pa mete tèt li oswa lòt moun an danje, gen obligasyon pou l rapòte krim sa a bay yon otorite fòs legal ki konsène, pi vit ke posib. Nenpòt moun ki pa rive rapòte krim sa a dwe pini avèk yon amann oswa lajan ki pa depase mil dola. St.1985, c.536; te ajoute ladan l epi St.1987, c.665 te modifye l.

C. 269, S.19. Lwa sou Entimidasyon Maltretans; Deklarasyon Konfòmite ak Règleman Disiplin Obligatwa

Chak enstitisyon lekòl segondè ak chak enstitisyon ki bay edikasyon aprè lekòl segondè piblik oswa prive dwe bay chak gwoup elèv/etidyan, ekip elèv/etidyan oswa òganizasyon elèv/etidyan ki fè pati enstitisyon an oswa enstitisyon an rekonèt oswa enstitisyon an bay pèmasyon pou itilize non l oswa etablisman l oswa enstitisyon an konnen li egziste kòm yon gwoup elèv/etidyan, ekip elèv/etidyan oswa òganizasyon elèv/etidyan ki pa ofisyèlman afilye, yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit; sepandan, lè yon enstitisyon aksepte reponn ak egzijans seksyon sa a kote yon enstitisyon bay yon gwoup, ekip oswa òganizasyon elèv/etidyan yo seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la pa vle di ke enstitisyon an rekonèt oswa aksepte gwoup, ekip oswa òganizasyon elèv/etidyan sa yo.

Chak gwoup, ekip oswa òganizasyon sa yo dwe distribye yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la bay chak manm li yo, nouvo manm, moun k ap prete sèman pou vin manm oswa moun ki fenk aplike pou vin manm. Se devwa chak gwoup, ekip oswa òganizasyon sa yo, pou yo dezinye yon ofisyè, pou chak ane, yo bay enstitisyon an yon deklarasyon siyen ki di ke gwoup sa a, ekip sa a oswa òganizasyon sa a resevwa yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la, ke manm, nouvo manm ak moun k ap prete sèman pou vin manm oswa moun ki fenk aplike pou vin manm resevwa yon seksyon disèt ak dizuit, epi gwoup sa a, ekip sa a oswa òganizasyon sa a konprann epi dakò respekte sa ki di nan seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la.

Chak enstitisyon lekòl segondè ak enstitisyon ki bay edikasyon aprè lekòl segondè piblik oswa prive dwe, omwen chak ane, avan oswa nan kòmansman enskripsyon yo, bay chak moun ki enskri kòm elèv/etidyan atan plen nan enstitisyon sa a yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la.

Chak enstitisyon lekòl segondè ak chak enstitisyon ki bay edikasyon aprè lekòl segondè piblik oswa prive dwe, omwen, chak ane bay konsèy edikasyon siperyè yon rapò ak nan ka lekòl segondè, konsèy edikasyon an, pou sètifye ke chak enstitisyon sa yo te asime responsablite yo pou enfòm gwoup, ekip, oswa òganizasyon elèv/etidyan yo ak fè chak elèv atan plen ki enskri yo konnen kontni seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizuit la epi sètifye ke enstitisyon sa a te adopte yon règleman disiplin konsènan moun ki òganize oswa patisipe nan entimidasyon maltretans, epi règleman ke yo mete anplas yo byen ekri nan manyèl elèv la oswa lòt mwayen parèy pou fè elèv yo konnen règleman enstitisyon an. Konsè Edikasyon Siperyè ak nan ka enstitisyon segondè, konsèy edikasyon dwe mete règleman ki dirije kontni ak konbyen fwa enstitisyon

yo dwe fè rapò sa yo, yo dwe fè pwokirè jeneral la konnen touswit nenpòt ki enstitisyon, ki pa bay rapò sa a. St.1985, c.536 te ajoute St.1987, c.665; St.1998, c. 161 §§ 557, 558 te amande

Sipò pou Elèv

Ekip Sipò Elèv (Student Support Team - SST)

Nan Boston Green Academy, nou kwè ke elèv yo aprann pi byen lè yo santi yo an sekirite, gen sipò ak an sante. Ekip Sipò Elèv (SST) nou an jwe yon wòl esansyèl nan asire byennèt jeneral chak elèv.

SST a fèt avèk pwofesyonèl ki detèmine, ki gen ladan l travayè sosyal, konseye eskolè, yon dwayen, kowòdonatè Kominotè, yon sikològ eskolè ak yon enfimye eskolè atan plen. Ekip sa a travay an dekonsè pou sipòte sante mantal, emosyonèl, fizik ak konpòtman elèv yo, epi ankouraje yon anviwònman lekòl pozitif.

SST a jwe yon wòl kle nan sipòte konduit elèv yo ak asire ke elèv yo prè pou yo aprann chak jou. Gras ak efò yo, Boston Green Academy ap fè efò pou kreye yon kilti lekòl kote tout elèv ka pwogrese ni anndan ak deyò salklas la.

Edikasyon Espesyal

Nan Boston Green Academy (BGA), nou kwè ke yon edikasyon de gran kalite dwe sipòte ak santre sou chak grenn elèv. Objektif nou se pou n asire ke elèv ki gen andikap yo resevwa sèvis, sipò ak opòtinite yo bezwen pou yo reyisi nan lekòl la epi prepare pou lavi aprè gradyasyon yo. BGA pran angajman pou l bay yon Edikasyon Piblik ki Apwopriye Gratis (Free Appropriate Public Education -(FAPE)) nan Anviwònman ki Gen Anpil Elèv (Least Restrictive Environment (LRE)), selon Lwa Edikasyon Moun ki Gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act(IDEA)), Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 ak règleman edikasyon espesyal Massachusetts (603 CMR 28.00).

Nou konprann pafwa ou ka santi l konplike pou w konprann edikasyon espesyal. Règleman nou yo fèt pou klarifye wòl, responsablite ak pwosedi yo pou fanmi yo ak elèv yo ka konnen sa yo dwe espere. Règleman sa yo sèvi kòm angajman nou pou n konfòme nou ak egzijans leta ak federal, travay an kolaborasyon avèk Biwo Edikasyon Espesyal Lekòl Pibli Boston yo, epi kontiye ranfòse pratik nou yo. Nou ankouraje fanmi yo, anplwaye yo ak manm kominote yo itilize [Manyèl Edikasyon Espesyal BGA a](#) kòm yon resous ak kòm yon temwanyaj angajman kolektif nou pou ekite, enklizyon ak ekselans edikatif pou tout elèv nan BGA.

Biwo Sante Lekòl la

BGA gen yon enfimye lekòl atan plen. Tanpri rele lekòl la pou w pale avèk Enfimye a konsènmam enfòmasyon medikal ak oswa tretman/medikaman elèv la pral bezwen pandan jounen lekòl la. Règleman yo mande pou ke se sèl enfimye lekòl la ki pou bay tout medikaman yo, ni medikaman preskripsyon ak sa ki san preskripsyon yo. Medikaman OTC yo dwe akonpanye otorizasyon ekri Paran/Responsab/Moun k ap pran swen elèv la. Preskripsyon yo dwe akonpanye otorizasyon ekri doktè a ak paran an k ap gen ladan l non elèv la, non/siyati/enfòmasyon kontak moun ki preskri medikaman, dozaj/kantite fwa elèv la dwe pran medikaman ak dire preskripsyon an.

Rapòtè Obligatwa

Tout anplwaye nan BGA se rapòtè obligatwa. Si enfòmasyon ki menase sekirite yon elèv oswa elèv yo vini devan nou, tankou nan ka neglije oswa abize yon timoun, n ap kontakte Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children & Families).

Pwogram Deyò yo

W ap mache sèlman 10 minit pou soti nan BGA pou w ale nan West End Boys and Girls Club of Brighton. West End ofri pwogram aprè lekòl pou elèv ki nan yon anviwònman sekirize epi ki byen òganize. Tanpri kontakte yo nan 617-787-4044 pou plis detay ak kesyon sou enskripsyon.

Transpò

Transpò Bis Jòn yo ak Lese pase MBTA

Aktyèlman, se sèl elèv ki resevwa transpò pòt-a-pòt ki dekri nan Plan Edikasyon Endividyalize (IEP) ki gen garanti transpò bis jòn distri a. Tout lòt elèv yo pral resevwa lese pase 7 jou MBTA.

Elèv ki nan klas 7yèm ane ak 8yèm ane yo ka [aplike pou yon egzansyon](#) pou yo ajoute yo nan lis bis jòn lan. Nou analize demand sa yo ka pa ka. Anjeneral, dwe gentan gen yon bis ki konekte avèk yon estasyon nan distans elèv la ap mache pou ale lakay li, epi dwe gen yon plas ki disponib sou bis sa a.

Lese Pase (M7) MBTA

Elèv yo pa dezinye transpò bis jòn pou yo pral resevwa yon lese pase MBTA M7 nan premye jou lekòl la. Lese pase sa a bay aksè ilimite ak sèvis MBTA yo pandan ane lekòl la.

Si yon elèv pèdi lese pase li a, li dwe wè avèk Madam Reveles nan bibliyotèk la pou mande yon ranplasman. Règleman pou ranplasman yo repati konsa :

- Premye ranplasman : San kòb
- Dezyèm ranplasman : 5 dola
- Twazyèm ak rès ranplasman yo : 10 dola pa lese pase

Nou ankouraje elèv pran swen lese pase M7 yo a, paske se responsabiltet yo pandan tout ane lekòl la.

Rive

Bis lekòl yo pwogame pou yo rive nan BGA ant 7:15 ak 7:30.

Si yon bis rive pi bonè, elèv yo ap rete nan bis la jiska 7:15 lè bilding lekòl yo ouvri.

Elèv yo pa gen dwa mache deyò etablisman lekòl la lè yo fin rive nan bis la, elèv Klas Segondè yo ap pase nan antre devan lekòl la pou yo antre nan bilding lan epi pase nan pwosesis sekirite lekòl nou an. Elèv klas entèmedyè (middle school) yo ap pase nan pòt sou kote bilding lekòl entèmedyè a ki bay sou Warren Street la pou yo antre nan bilding lan epi y ap pase nan pwosesis sekirite lekòl nou an.

Relache

Elèv k ap monte bis jòn lekòl yo dwe ale nan espas rasanbleman bis ki dezinye pou yo lè yo lage a 2:55 (5 minit avan fen dènye moman jounen an). Epi tou, y ap rele bis yo pa nimewo pou fè konnen ke elèv yo ka kite bilding lan pou yo ale monte bis yo. Elèv k ap monte bis jòn lekòl yo ki pa ale nan lokal kote bis yo rasanble yo vyole règleman lekòl la epi y ap pran mezi disiplinè kont yo tankou entèdi yo pran transpò bis jòn yo ak/oswa voye yo ale fè yon peryòd tan lakay yo. pou yo pa vin lekòl la.

Kisa k ap rive si mwen rate bis la?

Byenke pwosedi ki anplas pou lè lekòl lage ap anpeche elèv yo rate bis yo, nou konprann ke gen kèk sityasyon ki ka rive. Si yon elèv rate bis li a, n ap franchi etap sa yo :

1. N ap kontakte Paran/Responsab elèv la - Lekòl pral fè paran l oswa responsab li konnen pou eksplike sityasyon an epi mande si yo ka vin pran elèv la oswa apwouve yon lòt mwayen pou elèv la ale lakay li.
2. Kontakte Transpò BPS - si pa gen okenn lòt transpò ki disponib, lekòl la pral kontakte Transpò BPS pou mande yon "bis soutyen".

Tanpri Sonje: Bis soutyen yo pa garanti epi yo ka pran anpil reta, kote elèv la ka rive lakay li plizyè èdtan an reta. Nou vrèman ankouraje fanmi yo asire yo ke elèv yo swiv pwosedi lage lekòl yo pou evite derajman sa yo.

Transpò Piblik

Opsyon Transpò Piblik :

- **B line Green Line T** ki ale nan estasyon Warren Street. Mache sou Warren Street lekòl la adwat
- **Bis 57 ki soti Kenmore** ki ale nan estasyon Dustin Street ki dirèkteman devan lekòl la
- **Bis 66 ki soti Dudley** ki ale Brighton Ave, epi aprè sa pran Bis 57 la, k ap kanpe nan antre Cambridge Street
- **Bis 501 ki soti nan kwen Franklin ak Federal Street** : 501 se yon bis pou moun ki prale ak soti travay; li sèlman kouri nan maten (6am – 9am) ak aprè midi (3:30pm – 7:30pm).

Transpò MBTA/Distri a ak Konpòtman Pandan Vwayaj :

N ap raple elèv yo ke nou konsidere tan vwayaj avan ak aprè lekòl fè pati jounen lekòl la. Nan sans sa a, elèv yo dwe respekte Kòd Konduit BPS la pandan yo prale ake soti lekòl nan transpò MBTA, distri a, oswa pandan y ap mache oswa sou machin pral oswa soti lekòl. Elèv ki itilize transpò MBTA ak distri a dwe montre respè ak moderasyon. Elèv yo reprezante Boston Green Academy pandan yo prale ak soti lekòl nan bis yo, tren ak tramway yo. Yo dwe gen bon manyè ak respè poutèt yo ak pasaje yo toutan. Konpòtman tankou langaj inapwopriye, jwe mizik fò, jwe bosal, goumen, fimen, elatriye, sa yo se bagay ki ka fè yo voye elèv la lakay li pou yon peryòd tan. Si yon elèv pèdi privilèj bis li a se responsablite fanmi l pou yo ba li lòt mwayen transpò.

Pwosedi Transpò Ijans

Nan Boston Green Academy, nou espere fanmi yo fè tout aranjman transpò regilye pou elèv yo. Lekòl la ap sèlman ede avèk transpò nan ka ijans yo oswa nan dènye solisyon lè pa gen lòt opsyon ki disponib.

Si yon elèv bezwen transpò ijans, n ap franchi etap sa yo :

1. **Kontak Paran/Responsab la**

Premyeman lekòl la pral kontakte paran/responsab elèv la pou mande pou yo bay transpò.

2. **Transpò Piblik**

si se apwopriye, anplwaye yo pral detèmine si elèv la ka pran transpò piblik san pwoblèm. Yo pral pran an konsiderasyon laj ak eksperyans transpò piblik elèv la.

3. **Kontak Dijans**

Si paran/responsab yo pa disponib, lekòl la pral kontakte moun ki mansyone nan lis kontak dijans elèv la.

4. **Lòt Aranjman**

Sèlman si tout opsyon ki mansyone anlè yo pa disponib lekòl la pral chèche lòt mwayen. Sa ka gen ladan l :

- Yon sèvis transpò an komen (Uber/Lyft/Taksi) si elèv la gen yon **fòmilè egzansyon Ijans ki siyen nan dosye l.**
- Yon woulib nan men yon anplwaye lekòl la, men se si sèlman gen yon lòt anplwaye lekòl la ki nan machin lan pandan tout vwayaj la epi paran/responsab elèv la ak Responsab Prensipal lekòl la (oswa reprezantan l) bay pèmisyon alekri (mesaj tèks oswa imèl aksetab.

Dirijan lekòl yo anrejistre, kontwole ak apwouve tout transpò ijans.

Atletism

Boston Green Academy fyè pou l fè pati yon kooperasyon espòtif avèk lekòl Josiah Quincy ak Mary Lyon, yo patisipe nan konpetisyon ansanm sou non **Boston United**. Gras ak kolaborasyon sa a, elèv BGA yo gen aksè ak yon bann espò lekòl segondè konpetitif tankou :

- Volebòl pou Ti fi (JV & Varsity)
- Kous Annda Sal Espò ak Deyò (JV & Varsity)
- Baskètbòl pou ti fi ak ti gason (JV & Varsity)
- Lit avèk ponyèt pou ti fi ak ti gason
- Volebòl pou Ti Gason (Varsity)

Nan domèn akademik, pou w kalifye pou w patisipe nan espò lekòl segondè yo, elèv yo dwe toujou fè yon nòt minimòm **2.0 GPA nan kòmansman seson sa a**.

BGA te kenbe yon kolaborasyon aktif avèk Brighton High School pou espò sa yo :

- Foutbòl Ameriken
- Majorèt
- Foutbòl pou Tifi ak Ti Gason
- Softball
- Bezbòl

Menm egzijans kalifikasyon akademik yo aplike pou ekip sa yo.

Engzijans Patisipasyon ki Enpòtan pou Espò Lekòl Segondè yo :

- Yon egzamen fizik valid dokimante (mizajou chak ane)
- Enskripsyon nan pòtay elèv ASPEN lan
- Fòmilè konsantman paran/responsab yo siyen

Elèv yo dwe rantre nan ekip Boston United la lè yo ofri yo yon espò nan kooperasyon an.

Tanpri sonje ke si pa gen yon espò ki mansyone, BGA ka travay avèk elèv la ak depatman Espòtif BPS la pou ede jwenn yon ekip ki ofri espò sa a.

Espò Klas Entèmedyè (Middle School) nan BGA

BGA ofri baskètbòl pou ti fi ak ti gason nan klas entèmedyè yo, ki ankouraje devlopman espòtif ak travay an ekip bonè.

Pou yon elèv kalifye pou l patisipe, elèv klas entèmedyè a dwe reponn ak kritè sa yo :

- Li pa dwe gen nòt F epi li dwe genyen yon sèl D nan kou akademik aktyèl yo (yo verifye nòt yo chak semèn)
- Toujou gen bon konpòtman ak konduit chak semèn
- Yon egzamen fizik resan ki dokimante

Nou pra angajman pou n sipòte atlèt nou yo nan domèn akademik, sosyal, ak fizik epi nou ankouraje tout elèv ki kalifye pwofite de opòtinite ki disponib yo nan pwogram espòtif nou yo.

Règleman sou Relache Elèv Espòtif yo nan BGA

nan BGA yo p ap relache elèv atlèt yo bonè ak/oswa yo p ap patisipe nan aktivite espò sou kondisyon sa yo :

1. Elèv la te absan oswa an reta anpil nan lekòl la jou sa a
2. Elèv la pa pase oswa riske pa pase dènye kou li a

Elèv la ap sibi yon konsekans pou konpòtman akòz move konduit

Nou analize nòt yo avan chak evènman espòtif pou detèmine kilès ki ka ale. Règleman sa an plas pou mete priyorite sou pèfòmans akademik, responsabilite ak konpòtman responsab.

Espò Inifye nan BGA

BGA fyè pou l gen yon kolaborasyon k ap kontinye epi ki reyisi avèk Special Olympics pou l ofri Espò Inifye pou elèv nou yo ki gen andikap entèlektyèl. Aktyèlman nou ofri Foutbòl Inifye nan otòn ak Baskètbòl inifye nan livè.

Pou yon elèv patisipe, elèv la dwe fè pati pwogram LFI nou an Anseyman Fonksyonèl Konpetans Lavi (Life Skills Functional Instruction - LFI) oswa yo chwazi l kòm yon Zanmi Inifye. Zanmi se elèv nou chwazi sou baz gwo konpetans akademik, konpòtman pozitif epi yo toujou prezan nan lekòl la. Pwogram enklizif sa a ankouraje travay an ekip, amitye ak konsantrasyon sou lekòl nan tout gwoup elèv yo.

Règleman pou Retounen nan Jwèt

Si yon elèv-atlèt blese pandan sezon an epi l ap swiv yon doktè, yo p ap gen pèmasyon pou yo retounen nan aktivite espò yo oswa kou edikasyon fizik yo jiskaske yo fin rekipere nèt. Yon doktè dwe ekri yon nòt ki valid pou yo bay pou konfime yo fin rekipere avan yo ka rekòmanse patisipe.

Pwogram Akademik yo

Politik sou Mwayèn

Nan Boston Green Academy, objektif nou se pou n asire ke nòt yo refilete sa elèv la te **aprann ak konprann**, se pa sèlman fè yon devwa oswa swiv enstriksyon yo. Nou kwè ke nòt yo dwe bay bonjan enfòmasyon sou pwogrè akademik yon elèv ak konpetans li metrize.

Nòt yo baze prensipalman sou **evalyasyon final**, ki se opòtinite pou elèv yo **demonstre yo konprann** konsèp kle yo. Sa gen ladan l egzamen, redaksyon, prezansyon, pwojè ak patisipasyon nan aktivite tankou semènè (Sokratik) ki baze sou Refleksyon oswa diskisyon sou syans. Nan kèk ka, elèv yo pral resevwa nòt sou **kontribisyon yo nan kominote aprantisaj la**, tankou travay nan gwoup oswa pwojè ki fè an kolaborasyon.

Nou kwè tou nan bay elèv yo opòtinite pou yo pwogrese. Pou gwo evalyasyon yo, elèv yo pral souvan jwenn chans pou yo **re-fè, revize, oswa re-aprann** pou yo ka montre konpreyansyon yo amelyore. Aprantisaj se yon pwosesis, epi nou bay nòt se pou sipòte elèv la sou chemen yo pou yo vin gen konpetans.

Pwa Nòt

Boston Green Academy itilize yon echèl nòt ki soti nan 40 pwen rive nan 100 pwen. Nòt ki pi ba yon elèv ka resevwa nan yon devwa se 40% menm pou devwa li pa t fè. Sof sèlman nan ka vyolasyon akademik grav, tankou plajya, elèv la ka resevwa yon nòt ki pi ba ke 40%. Nan fen ane a, nòt jeneral ki pi ba pou yon kou yon elèv ka resevwa se yon F+, k ap pèmèt elèv la kalifye pou opòtinite aprantisaj nan ete pou rekipere nòt oswa amelyore konpetans li.

Pwa nòt yo fèt pou yo apwopriye nan domèn devlopman epi koresponn ak nòt klas entèmedyè ak segondè.

Klas 7yèm-8yèm ane :

- 35% Evalyasyon Fòmatif (verifikasyon pratik ak pwogrè)
- 65% Evalyasyon Final (pwojè final, egzamp ak gwo evalyasyon)

Klas 9-12yèm ane

- 20% Evalyasyon Fòmatif
- 80% Evalyasyon Final

Estrikti sa a asire ke elèv yo jwenn sipò nan pakou aprantisaj yo, pandan nou toujou kenbe yo nan wo nivo akademik pandan y ap avanse nan lekòl la.

Echèl Nòt

Klas	Ranje Pousantaj	Pwen GPA	Deskripsyon
A+	97 - 100	4,3	A - Evalyasyon jeneral : Ekselan. Elèv la reyalize yon bann travay ki montre konpetans ak travay avanse nan tout materyèl yo, atenn ak/oswa depase estanda yo.
A	93 - 96	4,0	

A-	90 - 92	3,7	
B+	87 - 89	3,3	B – Evalyasyon Jeneral : Pi Wo Pase Mwayen. Elèv la fè yon bann travay konpetan nan tout materyèl yo li atenn estanda ki anplas yo.
B	83 - 86	3,0	
B-	80 - 82	2,7	
C+	77 - 79	2,3	C - Evalyasyon jeneral : Konpetan. Elèv la fè travay konpetan nan pifò objektif ki enpòtan yo, epi li konpetan oswa ti kras konpetan nan lòt.
C	73 - 76	2,0	
C-	70 - 72	1,7	
D+	67 - 69	1,3	D – Evalyasyon jenera l: Bezwen Amelyorasyon Elèv la fè travay konpetan ki pi wo ke 60% nan materyèl yo ba li a.
D	63 - 66	1,0	
D-	60 - 62	0,7	
F	59 oswa pi ba	0,0	F - Evalyasyon jeneral : Fèb. Elèv fè travay konpetan ki pi wo ke 60% nan piti ke mwaye objektif ki site yo.

Monte nan klas Siperyè ak Double Klas

Klas Entèmedyè (Middle School) (Klas 7yèm ak 8yèm ane)

BGA fè tout efò li kapab pou yon elèv ki nan klas 7yèm ane monte nan klas 8yèm ane. Pou yon bann rezon, nou wè double klas kòm yon dènye rekou. Sepandan, si yon elèv genyen konpetans ki mande pou li monte nan lòt klas la, tankou li rate anpil kou, ak/oswa li gen anpil absans, nou pral pwograme yon reyinyon avèk paran l pou diskite sou posiblite pou l double klas la. Se administrasyon lekòl la ki pral pran desizyon final sou si yon elèv ap monte nan lòt klas oswa si l ap double.

Nan fen dezyèm peryòd la, Konseye Lekòl la pral analize nòt yo avèk ekip klas yo, epi fè fanmi yo konnen ki elèv ki pa sou wout monte nan lòt klas. Yo ka mete elèv yo sou yon kontra akademik epi oblije yo patisipe nan klèb pou devwa yo ak leson patikilye pou plis sipò akademik. Gen yon lòt reyinyon fanmi k ap gen pou fèt nan fen twazyèm peryòd la pou diskite sou pwogrè elèv la.

Elèv klas 8yèm ane yo dwe montre yo gen konpetans ki nesèsè pou yo reyisi nan travay solid lekòl segondè yo pou yo ka monte nan 9yèm ane. Elèv ki gen IPE yo dwe fè ase pwogrè pou yo atenn objektif IEP yo. Yo ka mande pou elèv yo vini lekòl nan ete si yo pa reyisi nan de oswa plis kou. Pa vini lekòl nan ete a ka fè elèv la double klas la.

Seremoni pou Pwomosyon Klas 8yèm ane

Fen klas entèmedyè se yon etap fondamantal enpòtan, epi nou kontan pou n selebre akonplisman elèv klas 8yèm ane yo. Nan mwa jwen, elèv yo pral patisipe nan Seremoni Pwomosyon, ki selebre akonplisman yo nan lekòl entèmedyè ak make prezans yo nan lekòl segondè. Yo pral jwi yon vwayaj espesyal, ydestinasyon an ap chwazi selon opinyon elèv yo. Pou yon elèv kalifye pou tou de evènman yo, elèv la dwe demontre yo prè pou lekòl segondè nan reponn ak atant yo nan twa domèn : genyen omwen 80% prezans, genyen bon konpòtman (san okenn sispansyon oswa plede voye yo nan direksyon)

ak fè yon mwayèn jeneral 60,0 (D) oswa pi wo nan tout kou yo pou ane lekòl la. Elèv ki pa reponn ak kritè sa yo ka pa kalifye pou yo patisipe, selon desizyon Asistan Direktè Lekòl la.

Klas Segondè (Klas 9yèm ak 12yèm Ane)

Desizyon pou yon elèv monte nan lòt klas ak double nan klas segondè yo (Klas 9yèm-11yèm ane) baze prensipalman sou pwogrès elèv la pou l reponn ak egzijans gradyasyon BPS ak BGA. Nou fè efò pou elèv yo avanse, men si elèv la tonbe deyò nèt, epi li dwe fè yon ane konplè pou l re pran kou akademik yo nan kòmansman ane lekòl la, elèv sa a ap double klas la. Si li pa pase yon kou fondamantal (kou ki obligatwa pou gradyasyon), li dwe reprann l nan revizyon BPS ap fè nan ete a. Pou yo konsidere yon elèv ka monte nan klas final, elèv la dwe pran omwen 10 kredi nan kou ki obligatwa yo. Yon elèv ki pa rive fè sa pral double klas la.

Egzijans pou Gradyasyon nan Lekòl Segondè

Pou yon elèv gradye, tout elèv dwe pase kou sa yo :

- 4 lane kou Atizay Lang Anglè (oswa ESL)
- 4 lane Matematik
- 4 lane Syans Laboratwa
- 4 lane Syans Imèn
- 2 lane Lang Etranjè (*Elèv ESL yo/Elèv Edikasyon Espesyal ka pa bezwen pran l selon ka pa yo*).
- 2 semès kou nan atizay
- 4 semès kou nan edikasyon fizik

Anplis elèv BGA yo dwe fè bagay sa yo :

- Junior Review (Revizyon Klas 11yèm Ane)
 - Revizyon Klas 11yèm Ane se yon pwojè final pou elèv klas 11yèm ane yo, ki dekri pwogrès yo nan aprantisaj ki baze sou pwojè. Elèv yo reflechi sou eksperyans yo nan lekòl segondè, prezante travay yo devan yon panèl, epi pataje objektif yo genyen pou lavni - yon etap enpòtan nan preparasyon pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl.
- Estaj Elèv klas 12yèm Ane yo
 - Nan fen klas 12yèm ane a, chak elèv patisipe nan yon estaj 5 semèn, 100 èdtan sou yon sit nan vil la. Sa pèmèt elèv yo devlope konpetans pwofesyonèl, dekouvri karyè ki enterese yo, epi jwenn konfyans nan aprantisaj manyèl an deyò salklas la.
- 40 èdtan Sèvis Kominotè
 - Pou yon elèv gradye, elèv la bezwen fè omwen 40 èdtan sèvis kominotè. Tout lè yo sou pibliye sou my.innerview.org, ki pèmèt elèv yo anrejistre lè yo, jwenn opòtinite ak fikse objektif ki baze sou sèvis pou tèt yo.

Egzijans Detèminasyon Konpetans (CD) pou Gradyasyon

Anplis de egzijans gradyasyon BGA a, lwa eta Massachusetts egzije pou tout elèv reponn ak egzijans Detèminasyon Konpetans pou yo jwenn yon diplòm lekòl segondè. Egzijans sa a, avan, te konekte avèk MCAS : genyen gid leta ajoute konye a.

Pou w reponn ak egzijans CD, ou bezwen pase kou sa yo (oswa ekivalan yo) :

- **Anglè:** Dezan Anglè nivo lekòl segondè.
- **Matematik :** Yon ane Aljèb I ak yon ane Jeyometri (oswa entegrasyon matematik). Si w te pran Aljèb I an nan 8yèm ane, li konte.
- **Syans :** Yon ane swa Biyoloji, Fizik, Chimi, oswa yon kou syans Edikasyon Teknik/Pwofesyonèl.
- **Istwa:** Yon ane nan Istwa Etazini (sa kouvri nan kou Syans Imèn 1 an).

Kou yo Ofri yo

Lekòl Segondè

- [Deskripsyon Lekòl Segondè yo Ane Lekòl 2025-2026 \[Anglè\]](#)
- [Deskripsyon Kou Lekòl Segondè yo Ane Lekòl 2025-2026 \[Espanyòl\]](#)

Lekòl Presegondè

- [Deskripsyon Kou Klas Entèmedyè yo Ane Lekòl 2025-2026 \[Anglè\]](#)
- [Deskripsyon Kou Klas Entèmedyè yo Ane Lekòl 2025-2026 \[Espanyòl\]](#)

Opòtinite Akselerasyon Aprantisaj

Pou nou edike ak bay elèv yo kapasite pou yo reyisi nan inivèsite ak nan karyè yo, BGA ofri yon bann opòtinite akselasyon aprantisaj pou elèv yo.

Aljèb 1 Klas 8yèm Ane

Nou pral chwazi yon gwoup elèv 8yèm ane selon nòt yo nan Matematik MAP nan prentan an (egzamen pwovizwa distri a) ak rekòmandasyon pwofesè klas 7yèm ane a. Gwoup elèv la sa a pral pran matematik ak aljèb 1 klas 8yèm ane (nòmman yon kou klas 9yèm ane) an menm tan. Fini ak pase kou Aljèb 1 an pral bay elèv la yon nòt lekòl segondè, epi mete elèv la sou chemen kalil AP a.

Kou Plasman Avanse (Advanced Placement Classes (AP))

Kou Plasman Avanse yo ofri elèv la opòtinite pou l angaje nan kou ki difisil, kou inivèsite pandan li nan lekòl segondè. Kou sa yo ede elèv yo ranfòse konpetans refleksyon kritik, ekri ak konpetans pou rezoud pwoblèm. Nan fen chak kou, elèv yo ka pran yon egzamen AP nasyonal, epi avèk yon nòt ki kalifye yo, ka jwenn nòt inivèsite oswa nivo ki avanse nan plizyè ti inivèsite ak gran inivèsite.

Nou Kou a	Matyè	Nivo Klas yo Ofri
Seminè AP	Literati ak Lang Anglè	Klas 10 yèm ane
Lang ak Konpozisyon AP	Literati ak Lang Anglè	Klas 11 yèm ane
Literati ak Konpozisyon AP	Literati ak Lang Anglè	Klas 12 yèm ane
Pre-Kalkil AP	Matematik	Klas 12 yèm ane
Prensipal Syans Enfòmatrik AP	Matematik	Klas 11 yèm ak 12 yèm ane
Syans Anviwònman AP	Syans	Klas 11 yèm ak 12 yèm ane
Etid Afriken Ameriken AP	Imanite	Klas 10 yèm - 12 yèm ane
Konparezon Gouvènman ak Politik AP	Imanite	Klas 12 yèm ane
Sikoloji AP	Imanite	Klas 11 yèm ak 12 yèm ane

Doub Enskripsyon

An kolaborasyon avèk Cambridge College, elèv yo gen opòtinite pou yo patisipe nan de kou. Pwogram sa a ekspoze elèv yo ak kou yo bay nan inivèsite, ki solid pandan yo nan lekòl segondè epi bay chans pou yo jwenn nòt inivèsite. Gras ak eksperyans sa a, elèv yo devlope konpetans akademik, konfyans ak preparasyon ki nesèsè pou yo fè siksè alavni nan edikasyon ki pi avanse.

Nou Kou a	Matyè	Nivo Klas yo Ofri
Fizik	Syans	Klas 12yèm ane
Syans Mediko-Legal	Syans	Klas 11 yèm ak 12 yèm ane
Estatistik	Matematik	Klas 11 yèm ak 12 yèm ane

National Honors Society (NHS) and National Juniors Honors Society (NJHS)

National Honor Society (klas 10yèm–12yèm ane) ak National Junior Honor Society (klas 7yèm–9yèm ane) onore elèv ki demontre ekselans nan bousdetid, lidèchip, sèvis, karaktè ak sitwayènte. Vin manm nan òganizasyon sa yo bay opòtinite pou elèv yo devlope potansyakite akademik, ranfòse konpetans lidèchip yo, epi kontribiye yon fason pozitif nan lekòl yo

ak kominote yo pa mwayen sèvis. Elèv ki enterese antre nan NHS oswa NJHS ka aplike pandan livè a, epi sesyon entegrasyon yo ap fèt nan prentan an.

Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (Career Technical Education (CTE))

Boston Green Academy fyè pou l ofri yon koulwa katran konplè Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (CTE) Chapit 74 -apwouve, nan Syans Anviwònman ak Teknoloji pou elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane - ki san parèy nan Lekòl Piblik Boston yo. Pwogram solid sa a melanje aprantisaj manyèl, devlopman konpetans teknik ak kou ki baze sou dirabilite pou prepare elèv yo pou inivèsite, karyè ak lidèchip sivik nan ekonomi nan domèn anviwònman. Elèv ki fini pwogram lan pral resevwa sètifika nan pwofesyon an oswa relve nòt epi prepare pou travay oswa etid avanse aprè BGA.

Egzijans Admisyon

Pwogram CTE a louvri pou tout elèv ki lekòl nan Boston Green Academy. Menm si yo ofri yon elèv yon plas nan popilasyon lekòl jeneral antanke yon nouvo elèv BGA ki vini nan klas 9yèm ane oswa menm si yo soti nan pwòp klas entèmedyè BGA pwosesis admisyon pou antre nan pwogram CTE a se menm bagay.

Gen yon règleman admisyon espesyal ki dirije pwogram CTE a, epi elèv yo dwe itilize aplikasyon "career pathway" BGA a pou yo konsidere yo pou admisyon pandan y ap antre nan klas 9yèm ane. Fòmilè aplikasyon an disponib sou sit entènèt BGA a sou <https://www.bostongreenacademy.org/enviroscience-pathway> oswa [Fòmilè Aplikasyon Pwogram CTE Syans Anviwònman ak Teknoloji Boston Green Academy](#) epi li disponib pou tout elèv ak fanmi yo nan fòm ekri nan BGA. Enfòmasyon konsènan pwogram CTE a ak pwosesis admisyon espesyal la ap fèt sou menm chanèl komunikasyon BGA itilize pou admisyon jeneral yo. Nou pataje enfòmasyon konsènan CTE yo nan evènman mobilizasyon an-pèsòn elèv 8yèm ane ak elèv klas segondè BGA yo, nan oryantasyon nouvo elèv la nan me, nan komunikasyon ki vize tout nouvo elèv ki nan BGA kèlkeswa kantite moun ki prezan nan oryantasyon nan me a.

Yon elèv gen opsyon pou l chwazi enkri nan pwogram CTE depi lè yo ofri yo ak aksepte bay yon plas nan klas 9yèm ane nan BGA. Si kantite demann enskripsyon nan CTE a egal oswa pi piti ke kantite plas CTE ki disponib nan yon ane, règleman BGA di se pou yo aksepte tout aplikan CTE yo. Si demann lan pi gwo ke kantite plas CTE ki disponib nan yon ane, BGA pral fè yon tiraj espesyal pou CTE nan Jwen.

Anplis, si genyen plas ki disponib nan yon lòt klas pandan yon ane, BGA gen dwa pou l ranpli nenpòt plas vid epi mande aplikan l ap pran pou plas vid sa yo pou yo swiv menm pwosesis ki dekri anlè a pou elèv k ap monte nan 9yèm ane yo. Si kantite aplikan yo depase plas ki vid yo, n ap itilize menm tiraj la.

BGA vize finalize lis CTE li yo avan fen mwa jwen chak ane pou ane lekòl k ap vini an.

Pwogresyon Pwogram lan

Elèv yo kòmanse nan klas 9yèm ane avèk yon fondman nan syans sistèm terès, aprè sa y al jere yon fèm idwoponik vètikal epi lanse yon biznis agrikòl nan lekòl la nan klas 10yèm ane. Nan 11yèm ane, yo eksplòre achikteti dirab ak

konsepsyon konstriksyon ekolojik atravè estrikti LEED la. Etid la rive nan bout li nan 12yèm ane avèk yon etid pwofon nan syans jeyoespasyal, nan itilize lojisyèl GIS la pou analize ak rezoud pwoblèm ki gen rapò ak anviwònman nan vrè vi a.

Karakteristik Kle

- Sètifikasyon Endistri a Rekonèt (pa egzanp OSHA-10)
- Apprantisaj Pratik ak agrikilti lben
- STEM aplike, syans enfòmasyon ak alfabetizasyon (aprantisaj) nan domèn anviwònman
- Patenarya ak antreprenarya kominotè
- Preparasyon pou aprè lekòl segondè ak mendèv

Rezilta

Elèv ki gradye yo aprann konpetans teknik avanse, sètifika pou travay ak eskperyans nan vrè vi a nan syans anviwònman, agrikilti, dirabilite, konsepsyon ak analiz enfòmasyon - prepare yo pou karyè pwofesyonèl alavni nan konsèvasyon, planifikasyon ak ekonomi nan domèn anviwònman.

Pwogram Vèt (Green Pwograming)

Liy Vèt BGA a : Yon Lekòl Piblik Vèt nan yon Vil

Boston Green Academy (BGA) fyè dèske l se yon lekòl ki resevwa pri rekonesans pou dirabilite ak jistis (**National Green Ribbon**), ke Ministè Edikasyon Etazini rekonèt pou angajman nou pou dirabilite anviwònman ak jistis sosyal. Nou entegre dirabilite nan tout aspè nan lavi lekòl la : pwogram, operasyon, angajman kominotè ak eksperyans elèv yo.

Misyon nou se pou n prepare elèv yo pou yo vin dirijan nan fè mond lan vin pi vèt ak pi jis. Nou rele sa vwayaj **Liy Vèt BGA a**, yon pwogresyon fondamantal elèv yo angaje jiskake yo gradye.

Triyang Dirabilite a

Se Triyang Dirabilite a ki gide travay vèt (anviwònman) BGA yo :

- Dirabilite Anviwònman – pwoteje ak prezève mond ak resous natirèl nou depan de yo a.
- Dirabilite Sosyal – konsantre sou sa ki dwat, ekite ak jistis pou kominote yo.
- Dirabilite Ekonomik – kreye sistèm dirab ki ekilibre resous, estabilite ak pwogrè.

Elèv yo aprann analize pwoblèm nan vrè vi a, ekilibre bezwen ki genyen kounye a avèk bezwen jenerasyon k ap vini yo. Yo fè pratik aplikasyon refleksyon kritik, rezoud pwoblèm manyèl ak analiz sistèmik vrè difikilte anviwònman ak sosyal.



Kiltiè Vèt ak Pratik Chak Jou

Vèt ("Green") nan BGA pa sèlman rete nan kou syans — li se yon **kilti nan tout lekòl la**. Nou ankouraje elèv yo ak anplwaye yo pou yo reflechi de fason kritik sou :

- Sa ki prezan fizikman nan espas nou an (lè, dlo, kay, resous)
- Kijan dirabilite fè pati ansèyman ak aprantisaj.
- Menm si règleman ak pwosedi yo sou menm liy ak valè anviwònman yo (vèt).
- Sous manje nou, dlo nou ak enèji nou.
- Sistèm transpò komen nou an.
- Kijan kominote nou an demontre mobilizasyon solid ak lidèchip nan jistis klimatik ak sosyal.

Chak jou, kilti sa a parèt nan aktivite chak jou yo tankou **fimye kafeterya** a, kote rès manje yo tounen fimye olye yo gaspiye.

Ekspozisyon Vèt (Green Exhibitions)

Chak prentan, elèv kas 7-11yèm ane yo patisipe nan Ekspozisyon Vèt, kote elèv fè rechèch sou pwoblèm dirabilite, sentize aprantisaj nan divès disiplin, epi prezante rezilta yo nan kominote a. Pwojè sa yo gen ladan yo :

- Rechèch prensipal, entèvyou ak chan travay.
- Prezantasyon miltimedya, afich, ak apèl pou gen aksyon ki fèt.
- opòtinite pou envite yo pran angajman yon lavi dirab.

Eksperyans pwojè final la se Demonstrasyon Aksyon Jistis Anviwònman Klas 11yèm ane ki fèt nan Boston University's Center for Computing and Data Sciences. Nan pwojè sa a, elèv yo prezante rechèch ak pwopozè solisyon ki konekte avèk pwopò kominote yo avèk defi dirabilite ki pi laj.

Aprantisaj ki Baze sou Eksperyans ak Espas

Elèv BGA yo apwofondi aprantisaj yo pi lwen ke salklas la :

- Aprantisaj Deyò (Outdoor Classroom) – angajman pratik nan jaden, plant natif ak pwojè dirabilite.
- Vwayaj nan lekòl Cathleen Stone Island Outward Bound (lekòl entèmedyè), Meri Boston (sivik ak gouvènman), ak plis.
- Vwayaj pou aprantisaj sèvis nan lekòl segondè sou sijè tankou agrikilti nan vil, rezistans chanjman klimatik, atizay piblik ak Objektif Devlopman Dirab Nasyonzi.
- Freight Farm – yon fèm idwoponik nan lekòl la kote elèv yo kiltive manje nou sèvi nan kafeterya a, demontre inovasyon, sistèm alimantasyon iben avèk teknoloji avanse.

Kòm yon pwojè final, elèv klas 12yèm ane yo fè yon etaj pandan 5 semèn, kote anpil nan estaj yo konsantre sou karyè pwofesyonèl ak pwoblèm ki gen rapò ak dirabilite.

Konklizyon

Gras a pakou yo nan pwogram dirabilite (BGA Green Line) la, elèv nou yo grandi pou vin dirijan k ap reflechi, ki gen konpetans epi ki gen kapasite. Yo gradye prè pou yo fè chanjman pozitif pou Boston ak pou mond lan.